



**KONSÈY ADMINISTRASYON DISTRI
LEKÒL
COLLIER COUNTY
2011-2012
GID POU PARAN YO
AK
KÒD SOU KONDWIT ELÈV YO**



Dr. Kamela Patton
Sipèntandan Lekòl yo



www.collierschools.com

Dr. Kamela Patton
Sipèntandan Lekòl yo

KONSÈY ADMINISTRASYON DISTRI LEKÒL COLLIER COUNTY

Julie Sprague, Prezidan
Roy M. Terry, Vis Prezidan
Patricia M. Carroll, Manb
Barbara Berry, Manb
Kathleen Curatolo, Manb

Rapò sa a, se Konsèy Administrasyon Distri Lekòl Collier County a ki prepare li.
Si ou bezwen plis kopi, si genyen ki disponib, ou dwe fè demand la pa ekri:

Konsèy Administrasyon Distri Lekòl Collier County
Sant Administratif Dr. Martin Luther King, Jr.
Depatman Sèvis pou Elèv yo
5775 Osceola Trail
Naples, Florida 34109-0919

Nimewo Rapò:
07011101

Kowòdone pa:
Ms. Nancy Tarrete
Mr. Kevin Stockman
Mr. Joseph Kemper

Konsèy Administrasyon Distri Lekòl Collier County a pa gen dwa pratike diskriminasyon kont pèsòn akòz ras yo, koulè, sèks, laj, relijyon, andikap yo, orijin nasyonal yo, ak/oubyen estati matrimonyal yo, pou anpeche yo patisipe, refize yo jwenn avantaj nan nenpòt pwogram edikasyon osnon aktivite, oubyen kondisyon travay ak lòt pratik ke Konsèy Administrasyon an ap mennen.

DEKLARASYON VIZYON DISTRI-A


Tout elèv pral konplete lekòl yo byen prepare pou pouswiv ansèyman yo de menm ke pou pran responsabilite yon an kominote a ak yon fason global.

Si ou (granmoun) gen kesyon osnon plent pou-w pote konsènan Atik sou Ekite Edikasyon-an, Tit IX la, Seksyon 504 (Atik sou Reyabilitasyon-an), oubyen Atik sou Ameriken Andikape yo, kontakte Allun Hamblett, direktè Ekzekitif Resous Zimèn nan, (239) 377-0351. Si ou (etidyan) gen kesyon osnon plent pou-w pote konsènan Atik sou Ekite Edikasyon-an, Tit IX la, Atik 1975 sou Diskriminasyon Laj yo, kontakte Diedra Landrum, Kowòdonatris Sèvis/Gid ak Konsèy Etidyan yo, (239) 377-0517. Si ou (etidyan)

gen kesyon osnon plent pou-w pote konsènan Seksyon 504 (Atik Reyabilitasyon-an) ak Atik Lwa sou Ameriken Andikape yo, kontakte Larry Ruble, Kowòdinatè Sèvis Etidyan yo/Sèvis Sikolojik yo, (239) 377-0508). Adrès kote pou ou jwenn moun nou sot ba ou pou-w kontakte yo se: Biwo Administrasyon Distri Lekòl County-a, 5775 Osceola Trail, Naples, FL 34109.

Gid pou Paran yo

Seksyon I



TAB MATYE YO

Seksyon I

Enfòmasyon Chak Paran Dwe Genyen nan Men yo	5
Kisa Chak Timoun Dwe aprann nan Lekòl Elemantè/Mwayen/Segondè	5
Kindergarten - Segondè	5
Lekti: Estrateji pou Paran yo	7
Opòtinite pou Elèv Klas Segondè yo	9
Pou Kisa Yo Bay Elèv yo Ekzamen, Kisa Rezilta yo Vle Di.....	9
Ekzamen Pitit ou a Pral Sibi (Nan Klas Elemantè/Mwayen/Segondè).....	10
Enfòmasyon Enpòtan Ou Dwe Konnen.....	12
Enskripsyon nan Lekòl la	14
Paran yo Kapab Fè Yon GWO Diferans	15
Vin Fè Pati Konsèy Konsitatif Lekòl Ou a.....	16
Volontè ak Patisipasyon Kominote a	18
Moun ki ap Aprann Lang Anglè a (ELL)	18
Edikasyon pou Elèv Eksepsyonèl yo (ESE)	20
Avi sou Dwa ou Genyen	21
Règleman # 2416 Konsèy Administrasyon Lekòl la sou Dosye Elèv yo.....	23
Sètifikasyon Pwofesè	25
Edikasyon Lakay/Lekòl Andeyò Zòn Rezidans ou	26
Pwosedri sou kijan pou pote Plent ak pou Rapòte yon Pwoblèm Serye.....	26
Chenn Sipò Konsèy Administrasyon Lekòl yo	26
Eske Pitit Mwen an Enskri Pou Inivèsite?	27
Resous Distri yo	28
Resous Eta yo.	29
Enfòmasyon sou Resous Sante	29
Nitrisyon ak Sante Fizik pou Timoun yo.....	31
25 Fason Nou Ka Asire Sekirite Timoun yo	33
Ekzijans Sante Lekòl la Fè pou Antre Lekòl la	35
Kalandriye Lekòl la	40
Lis Evaliyasyon Pèsonèl pou Paran yo.....	42
Enstriksyon sou Sekrite Transpòtasyon pou Paran ak Elèv yo	43

Ou ap jwenn dokiman sa a tou sou sit Web nou an nan www.collier.k12.fl.us

Men sit web Biwo ki la pou Ede Kominote ak Fanmi yo <http://www.firn.edu/doe/family/fpsa.htm>

Enfòmasyon Chak Paran Sipoze Gen nan Men yo

Atik sa yo pral ede ou konnen tout aktivite lekòl yo ak pou ou prepare ou pou reponn a kèk pwoblèm pitit ou a kapab genyen. Ou ap resevwa anpil nan atik sa yo nan kòmansman ane lekòl la. Si ou bliye kote ou mete yo, mande direksyon lekòl la ba ou yon lòt kopi. Yo genyen yon kalandriye resan pou lekòl la ki ap ba ou jou konje yo, jou ekzamen ofisyèl yo, jou yo ap lage timoun yo pi bonè ak jou pwofesè yo ap pran pou yo fè preparasyon. (ki disponib nan Gid pou Paran yo oubyen Sit Entènèt Distri-a, www.collier.k12.fl.us)

- Nimewo telefòn pou lekòl pitit ou a, ak ekstansyon pou direktè a, pwofesè yo, konseye yo ak lòt pèsònèl administratif yo.
- Kòd Kondwit Lekòl Piblik Collier County pou Elèv yo. Kòd sa a ap dekri ki kalite konpòtman yo pa aksepte nan lekòl yo ak kòman yo ap disipline elèv ki komèt yon vyolasyon.
- Yon kopi kontra Tit I paran yo, (pou elèv Tit I yo sèlman) ke lekòl ou a te mande ou pou'w siyen. (Sa pa aplikab pou paran etidyan klas segondè yo.)
- Yon pwogram rankont Open Houses, Reyinyon aswè pou Curriculum ak lòt evenman tankou konferans pwofesè yo ak reyinyon PTA/PTO/Booster Club.
- Yo ap pibliye yon orè pou bis yo ki bay non lekòl la, nimewo, orè adrès kote yo ap pase chèche timoun nan, nan jounal Naples Sun Times epi tou li ap disponib sou sit Web la.
- Enfòmasyon sou Pwogram pou bay Manje Gratis oubyen a Pri Redwi. Pou-w ka aplike, ou ap bezwen konplete fòm yo ba ou nan kòmansman ane lekòl la epi voye li retounen nan lekòl pitit ou-a.

Kisa Chak Timoun Sipoze Aprann nan Lekòl Elemantè/Mwayen/Lekòl Segondè yo

Tout timoun ki lekòl nan Eta Florid la sipoze aprann menm bagay nan menm klas yo. Depatman Eta Florid la kreye yon lis ki pwojete tout sa elèv yo dwe aprann nan chak klas yo. Lis sa a pote non *Florida Sunshine State Standards*. Yo prezante nan Florida Sunshine State Standards gran liy tout konpetans enpòtan yo pitit ou-a sipoze aprann. Yo prezante yo tou nan Gid pou Paran yo pou endike ki Nòt yo Espere Elèv Klas Elemantè yo fè. Sijè yo ansenye nan lekòl yo se Lekti, Langaj, Ekriti, Matematik, Syans, Konesans Jeneral, Desen, Mizik, Sante, ak Edikasyon Fizik. Yo antre nivo Teknoloji nan enstriksyon yo ap bay tout elèv yo. Ou ka toujou mande pwofesè pitit ou a ba-w plis enfòmasyon.

KINDERGARTEN

Kisa Pitit ou a Ap Aprann Nan Klas Kindergarten

Men kèk ekzanp nou ka ba ou:

- ❖ Koprann ke majorite moun fè travay kote yo pwodwi kèk bon atik oubyen sèvis.
- ❖ Konnen ke si yon moun vle aprann li enpòtan pou li obsève menm bagay yo souvan epi konpare yo.
- ❖ Aprann ke mo yo fèt ak son ki diferan e ke lèt yo reprezante son sa yo.
- ❖ Konte pou rive sou 100 a ot vwa epi chèche objè ki ale avèk chif ki rive jiska 20.

Kijan ou Kapab Ede Pitit ou a Travay Pi Byen

- ✓ Pratike alfabè a nan idantifye lèt yo kèlkeswa kote ou wè yo epi li liv alfabè yo ansanm.
- ✓ Li rim pou pitit ou a. Mande li pou li nome mo ki rime yo (ekzanp, bat, cat, mat, sat).
- ✓ Ede li chèche modèl yo (wouj, vèt, wouj, vèt) nan mo ki alantou li yo.
- ✓ Ede li mete atik ki nan istwa yo an sekans, kisa ki vini an premye, an dezyèm, an twazyèm, etc.

KLAS PREMYE ANE

Kisa Pitit ou a ap Aprann nan Klas Premye Ane

Men kèk ekzanp nou ka ba ou:

- ❖ Konprann tout kategori tan yo avèk kalandriye ki enkli majorite fèt nasyonal ak selebrasyon nan kominote nou yo ak aletranje.
- ❖ Demontre ke mouvman objè yo chanje lè nou aplike yon fòs pou pouse oubyen rale yo.
- ❖ Konnen mo senp yo lè li wè yo epi li istwa fanmiye yo ak lòt atik byen fò avèk ekspresyon.
- ❖ Li epi ekri chif nimeral pou rive sou 100 ou plis epi konprann valè plas chif sa yo.
- ❖ Itilize estrateji adisyon ak soustraksyon pou fè de baz yo.

Kijan ou Kapab Ede Pitit ou a Travay Pi Byen

- √ Chita koute pitit ou a ki ap li mo ak liv ki soti nan lekòl la. Mande pitit ou a pou li repete evenman ki nan liv yo pa òd oubyen pou li ba ou fè ki enpòtan yo.
- √ Touche relasyon ki genyen ant son ak lèt ki nan etikèt, nan bwat, nan jounal, nan revyi, ak nan siy yo.
- √ Pale epi bay ekzanp sou fason ou kapab ajoute epi retire atik nan yon pil objè.
- √ Pratiye fason pou konpare epi òdone objè swivan longè, pwa ak kapasite yo.

KLAS DEZYEM ANE

Kisa Pitit ou a ap Aprann Nan Klas Dezyèm Ane

Men kèk ekzanp nou ka ba ou:

- ❖ Konprann ke tan akonplisman ak kontribisyon tribi Endyen Ameriken yo, enpak imigrasyon nan Amerik la, ak lavi moun Koloni Amerik yo te konn viv chak jou.
- ❖ Eksplike ke yo jwenn òganis vivan tout kote sou planet tè a, men chak bagay say o dwe viv nan yon abita ki genyen say o bezwen pou yo ka siviv.
- ❖ Devlope vokabilè ak konpreyansyon nan fè lekti endepandan epi nan diskite fè nan lekti yo ak evenman ki nan liv yo.
- ❖ Li epi ekri chif nimeral pou rive sou 10.000 epi konprann valè plas chif sa yo.
- ❖ Estrateji pou adisyon ak soustraksyon nonb ki rive sou 3 chif.

Kijan ou Kapab Ede Pitit ou a Travay Pi Byen

- √ Chita koute pitit ou a ki ap li liv ki soti nan lekòl la. Ede li figire sinyifikasyon mo ki pa familye yo.
- √ Fè pitit ou a pratike adisyon ak soustraksyon.
- √ Sèvi ak règ, santimèt, ak règ ki gen mezi pou mezire diferan objè ki alantou lakay la an pous ak santimèt.
- √ Revize avèk pitit ou a papye ki soti nan lekòl li a chak jou, epi mande li pou'l li yo pou ou.

KLAS TWAZYEM ANE

Kisa Pitit ou a ap Aprann Nan Klas Twazyèm Ane

Men kèk ekzanp nou ka ba ou:

- ❖ Konprann Rejyon jeyografik Amerik di Nò yo ak nan Karayib la ki enkli alafwa sistèm fizik (klima) ak sistèm imèn (karakteristik kiltirèl).
- ❖ Klasifye zannimo yo an gwoup majè swivan karakteristik fizik yo ak konpòtman yo.
- ❖ Aplike divès kalite estrateji miltip pou ka fè lekti kouraman ak poukonprann divès kalite liv (tèks).
- ❖ Repezante fraksyon avèk itilizasyon diferan modèl.
- ❖ Itilize estrateji miltiplikasyon ak divizyon pouf è de baz yo.

Kijan ou Kapab Ede Pitit ou a Travay Pi Byen

- √ Kenbe yon kontak sere avèk pwofesè pitit ou a. Mande li pou'l montre ou rezilta devwa ak ekzamen matematik ak lekti pitit ou a.
- √ Pale ak pitit ou a sou sa li ap li. Mande li eksplike sinyifikasyon nouvo mo yo.
- √ Ankouraje pitit ou a pou li ekri lèt pou fanmi ak zanmi li. Mande pitit ou a pou'l li lèt yo pou ou.
- √ Pale avèk li chak jou sou sitiyasyonki enplike miltiplikasyon ak divizyon.
- √ Pataje epi diskite graf ak tablo ki parèt nan jounal, revyi ak lòt resous.

KLAS KATRIYEM ANE

Kisa Pitit ou a ap Aprann Nan Klas Katryèm Ane

Men kèk ekzanp nou ap ba ou:

- ❖ Konprann eleman Istwa Florida yo soti nan kilti pre-kolonbyen yo pou rive nan etablisman Florida, endistriyalizasyon, ak epòk kontanporen yo.
- ❖ Rekonèt mouvman revolisyon 365 jou Planèt Tè a alantou Solèy la ak rotasyon 24è li fè sou aks li.

- ❖ Li kouraman epi konprann ide ki eksprime klèman yo ak ide ki pa dirèk yo.
- ❖ Konprann estrateji pou miltipliye nonb ki rive sou jiska twa chif.
- ❖ Relate fraksyon ekivalan, decimal, ak pousantaj.

Kijan ou Kapab Ede Pitit ou a Travay Pi Byen

- √ Fè pitit ou a kenbe yon dosye sou kantite tan li pase ap gade televizyon nan yon semèn. Fè li totalize tan yo epi fè li montre ou plan an.
- √ Ankouraje pitit ou a kenbe yon jounal oubyen yon jounal pèsònèl epi pou'l li lakay li chak jou.
- √ Eksplòre kay ou a avèk pitit ou a epi fè li idantifye diferan sous enèji li wè.
- √ Enplike pitit ou a pou fè li mezire ak nan fè estimasyon bagay li ki nan vi reyèl la, ki enkli chèche sifas.
- √ Fè li pratike estrateji oubyen tab miltiplikasyon ak divizyon yo.

KLAS SENKYEM ANE

Kisa Pitit ou a ap Aprann Nan Klas Senkyèm Ane

Men kèk ekzanp nou ap ba ou:

- ❖ Konprann eleman nan Istwa Amerikèn yo soti nan sivilizasyon pre-Kolonbyen pase nan kolonizasyon, Revolisyon amerikèn, Ekspansyon nan Lwès, pou rive nan devlopman peyi etazini Damerik.
- ❖ Ankete pou dekouvri ke plis fòs ou aplike sou yon objè chanjman nan mouvman objè sa a ap vin plis.
- ❖ Li tèks kouraman epi detèmine ide santral, idantifye detay ak fè, epi aranje evenman yo pa òd e an sekans.
- ❖ Estrateji pouf è divizyon nonb ki genyen plis ke 4 chif.
- ❖ Adisyone epi soustrè fraksyon ak desimal.

Kijan ou Kapab Ede Pitit ou a Travay Pi Byen

- √ Ankouraje pitit ou a fè lekti pou kont li epi pou li ekri chak jou. Fè li konsève yon dosye lekti ak yon jounal.
- √ Mande pitit ou a devlope epi aplike yon plan pou li resikle resous ki lakay li yo.
- √ Kontinye ranfòse fè matematik de baz yo.
- √ Diskite sityasyon pwoblèm vrè mond la avèk li pandan ke nou ap itilize chif pozitif ak negatif.

LEKOL MWAYEN AK LEKOL SEGONDE

Tanpri pa bliye konsilte Plan sou Pwogresyon Elèv yo ki disponib nan lekòl mwayen ak lekòl segondè pitit ou a osnon sou Sit Web Distri a.

Kijan ou Kapab Ede Pitit ou a Travay Pi Byen

- √ Ekzije pitit ou a li matyè ki enterese li pandan 30 minit chak jou.
- √ Fè pitit ou a patisipe nan aktivite Ki enplike pou li mezire objè kote li oblije li epi swiv direksyon: fè tankou manje, bati, asanble atik, ak pwograme ekipman.
- √ Bay pitit ou a yon kote ak yon lè pou li etidye chak jou.
- √ Fè li konnen ke privilèj mare kòd lonbrit li ak pèfòmans. Move pèfòmans nan klas mwayen yo pafwa kapab rive si li rate anpil jou lekòl.

LEKTI: ESTRATEJI POU PARAN YO

Li enpòtan pou ke pitit ou a gen plizyè estrateji. San dout, lekti se youn nan matyè ki gen yon enpòtan kapital pou siksè akademik pitit ou a. Paran yo kapab ede timoun yo vini yon bon lektè. Ede nan fè diferans pou pitit ou a. Itilize sigjesyon ki pi ba yo regilyèman.

Premye Estrateji: Li pou yo: Bagay ki pi enpòtan ou kapab fè pou pitit ou a se fè lekti pou li. Li liv pitit ou a renmen. Kanpe souvan pou ou eksplike li sa ou sot li yo. Montre pitit ou a kijan imaj yo ede li rakonte istwa a. Ede li konekte istwa a avèk lòt bagay li konnen deja. Antan ke yon moun konsekan nan vi pitit ou a, ou reprezante yon ekzanp ki fò anpil nan sou fason lekti ak ekriti itilize nan pami granmoun yo.

Dezyèm Estrateji: Pa Entèwonp Lekti Timoun yo: Rezon ki pi enpòtan pou lekti se pou kreye sans. Si pitit ou a se yon lektè ki pafwa di mo yo mal lè li ap li, (pa ekzanp pitit ou a li, “Chwal la galope sou chemen an.” Olye ke li di, “Ti chwal la galope sou chemen an), pa entèwonp li lè erè li fè a gen sans li nan fraz la e sinyifikasyon fraz la pa chanje. Si li fè yon erè ki chanje sinyifikasyon tèks la (“kay la galope sou chemen an.”), mande li pou’l li fraz la yon lòt fwa pou asire li ke sa li di a fè sans. Fòk nou santre atansyon lektè a pou fè li konnen ke sa li ap li a dwe fè sans.

Twazyèm Estrateji: Make Liy yo: Kèk lektè gen difikilte pou konsantre yo sou yon liy nan tèks la, oubyen yo kapab distrè lè yon paj gen anpil lèt enprime ladan. Fè pitit ou a itilize yon enstriman pou make liy yo tankou yon kat, yon kreyon, oubyen dwèt li kòm gid pou li kapab swiv tèks la byen.

Katriyèm Estrateji: Re eksplike Istwa a: Aprè pitit ou a fin li yon pati tèks (yon istwa, yon chapit, yon atik, etc.), di li pou’l sipoze ke ou pap tandè e mande li pou li eksplike sa li sot li a. si pitit ou a gen difikilte pou li re eksplike tout tèks la, kanpe li nan wout e fè li rakonte sa li fèk sot li yo. Aspè ki pi enpòtan an, se pou timoun nan konprann materyèl li ap li yo. Itilizasyon estrateji sa yo ap pèmèt ou konnen si pitit ou a konprann lekti li fè yo. Plis yo mande timoun yo pou eksplike tèks yo li se plis yo ap vin pi fò nan fè pratik sa a.

Senkyèm Estrateji: Repons a Lekti yo: Mande pitit ou a ekri sou pati nan istwa a li pi renmen. Santre sou sinyifikasyon tout sa pitit ou a pataje avèk ou kòm yon endikasyon sou sa li konprann sou lekti a. Mande pitit ou a pou li ekri sou fason li ta kapab chanje fason istwa a fini, sou sa li ta kapab fè si se li menm ki te karaktè prensipal istwa a, osnon sou yon kesyon li ta renmen poze otè istwa a.

Sizyèm Estrateji: Reli istwa a: Fè lekti kouraman se abilite pou moun li san yo pa kanpe oubyen bite sou lekti a, avèk ekspresyon ak entonasyon. Yon fason ou kapab ede pitit ou a li kouraman, se fè’l reli tèks li abitye li deja. Chak fwa ke pitit ou a reli yon moso tèks, li ap vin pi konfòtab nan lekti sa a, epi li ap vin gen plis konfidans antan ke yon lektè.

Setyèm Estrateji: Fè lekti gen plezi ladan: mete a dispozisyon pitit ou a anpil pwezi, blag, liv li kapab predi, rev jounal, liv komik ansanm atik sou entènèt ki apwopriye ke li kapab pran plezi li. Plis pitit ou a pran plezi nan fè lekti, se plis li ap amelyore.

Ywityèm Estrateji: Fè Lekti ak von Patnè: Ni ou menm, ni pitit ou a kapab li menm pati tèks la a ot vwa e an menm tan. Vwa ou bay timoun nan sipò epi tou li sèvi kòm ekzanp fason bon lektè li. Granmoun yo bay timoun yo sipò jiskaske yo kapab li kouraman e yon fason endepandan.

Nevyèm Estrateji: Fè Lekti pou Lòt Moun: Fè pitit ou a li pou timoun ki pi piti pase li, anrejistre vwa li sou kasèt pou ou fè lòt timoun tandè, osnon tou ankouraje’l li devan yon nounous. Sa ap ankouraje li fè lekti pou yon bi, epi sa kapab ede timoun nan konprann ke li dwe li si li vle moun ki ap tandè li yo konprann lekti li fè yo.

Dizyèm Estrateji: Fè Previzyon yon Tèks: Avan ou li yon liv ki gen imaj ladan osnon yon liv ak chapit, gade imaj ki nan tout paj yo, tablo yo, chapit yo, ak graf yo pou wè si liv la oubyen chapit la pale de yon sijè ke lektè a konnen deja. Aprann pitit ou a kòman pou li fè prediksyon sou sa li panse istwa a oubyen chapit la pral pale. Lè ou fè previzyon yon tèks, sa kapab ede lektè yo fè koneksyon ant sa yo konnen deja ak bagay ki nouvo yo ap aprann.

***Sa ki pi enpòtan pou ou sonje pandan ou ap ede pitit ou a amelyore fason li fè lekti se ke sèl fason pou yon moun vini yon bon lektè se avèk pratik. Bay pitit ou a materyèl li renmen pou’l li, epi chita pale avèk li sou dokiman ke’l li yo. Se ou menm ki premye pwofesè pitit ou a, e ou se pwofesè ki pi enpòtan pou li.**

Kijan ou Kapab Ede Pitit ou a Travay Pi Byen

- √ Siveye pou ke timoun nan gen ase tan pou li dòmi, pou li etidye, ak pou li fè lekti.
- √ Anchene privilèj ou ap ba li yo avèk pèfòmans li ap bay nan lekòl li.
- √ Rete an kontak sere avèk ofisyèl lekòl yo pou konnen lè timoun nan an reta ak lè ap fè woul. Pafwa move pèfòmans yon elèv klas segondè kapab lye ak absans li ki twò frekan nan lekòl la.
- √ Rezève yon ti tan chak jou pou ou mande pitit ou sa ki pase nan lekòl la, ki konsèp nouvo li aprann, e ki devwa yo ba li pou demen oubyen pou pita.
- √ Mande li pou’l ba ou gade fèy pwofesè yo korije. Mande pitit ou a si li konprann kijan pou li jwenn vrè

repons kesyon li rate yo. Si li pa kapab, di li pou li al chèche chita pale ak pwofesè a.
√ Rele konseye pitit ou a pou ede ou fasilite yon konferans avèk pwofesè elèv la si nòt li ap desann oubyen si li pa konprann kèk konsèp ki enpòtan.

Opòtinite pou elèv segondè yo kapab enkli bagay sila yo:

- ❖ Plasman Avanse
- ❖ Pwogram Plasman Avanse pou Loreya
- ❖ Enskripsyon Doub
- ❖ Lekòl Vityèl Florida (Florida Virtual School)

Tanpri chèche wè avèk Depatman Konseye yo nan lekòl ou a pou plis enfòmasyon ak opòtinite.

Prete atansyon a sa pitit ou a ap aprann lekòl la. Veye devwa pitit ou a ap fè regilyèman ansanm ak lòt travay li pote lakay li. Mande pwofesè pitit ou a pou li voye ba ou yon kopi “syllabus” oubyen plan kou li ap etidye pou ane a oubyen pou peryòd la. Ou kapab gade tou nan lis Florida Sunshine State Standards la, ki dekri ekzakteman kisa pitit ou a sipoze aprann nan chak nivo klas yo. Ou kapab konsilte “Standards” la sou sit web Depatman Edikasyon Florid la nan www.fldoe.org.

Yo bay tout paran yo yon *Gid ki pou ba yo Atant Lekòl yo soti Klas Matènèl pou Rive Klas 5èm Ane* e gid sa yo disponib nan twa lang. Dokiman sa yo etale tout sa timoun yo dwe aprann nan klas yo epi yo distribye li nan tout lekòl yo nan gran reyinyon paran yo òganize chak ane nan kòmansman ane lekòl la osnon lè timoun nan vin enskri lekòl la. Si ou gen kesyon osnon lòt bagay ki konsène ou sou sa pitit ou a ap aprann nan klas yo, pran randevou pou ou vin chita pale avèk pwofesè a. Ou pa bezwen pè poze kesyon si ou panse pitit ou a pap aprann sa ki afiche nan Florida Sunshine State Standards la pou klas li a.

Pwochè Jenerasyon Pwogram Ansèyman ‘Sunshine State Standards’ la

Se Depatman Edikasyon Eta Florid la ki devlope Sunshine State Standards la (SSS), e li kouvri tout sijè akademik yo, epi se yo tout lekòl piblik ki nan eta Florid la mete an pratik. Yo eksplike kisa yo espere pitit ou a aprann nan diferan nivo klas yo. Nan finisman klas 2èm ane li, yon elèv dwe kapab predi kisa yon pasaj, oubyen yon pati tèks ap pale lè li analize imaj ki ilistre nan liv la. Nan finisman klas 12èm ane, yon etidyan sipoze kapab ekzamine yon moso literati sou divès pèspektiv kritik. Apati klas 6èm ane, yon elèv sipoze konnen diferans ki ekziste ant pwa ak mas. A pati klas 12èm ane, yon elèv ta sipoze konnen ke konfigirasyon elektrik nan atòm yo detèmine kijan yon sibstans reyaji e ki valè enèji ki enplike nan reyaksyon yo. Enstriksyon nan sal klas yo nan chak sijè soti nan desen pou rive nan zooloji baze sou nòm sa yo epi nòt pwofesè yo demontre ki pèfòmans elèv yo bay swivan nòm ki tabli yo. Chak lè prentan rive, yo administre de ekzamen ofisyèl nan Lekòl Piblik Collier County yo pou mezire si elèv yo aprann nòm pwogram yo byen. Ekzamen sa yo, ki mezire koulè a pèfòmans yo nan lekti, matematik, ekriti, ak syans, fè referans souvan a ekzamen ki rele FCAT oubyen “Florida Comprehensive Assessment Test”. Ekzamen Syans FCAT la administre nan klas 5, 8, 11èm ane. Yo bay ekzamen Ekriti-a nan klas 4, 8, 10èm ane. Yo bay ekzamen Lekti chak ane pou klas 3-10^{èm} ane. Yo bay ekzamen Matematik chak ane nan klas 3-8èm ane, natirèlman ekzamen final kou Aljèb 1 nan klas Segondè yo. Tout elèv ki vle resevwa yon diplòm segondè dwe pase evaliyasyon eta yo ki apwopriye pou yo. Yo bay Evaliyasyon Altène Florida a (FAA) a elèv ki genyen andikap konyitif sinyifikatif.

Pou kisa yo bay Timoun yo yon Ekzamen, Kisa Rezilta yo Vle Di

Ekzamen ofisyèl yo ap montre kòman pitit ou a travay an konparezon ak lòt elèv yo epi yo ap swiv pwogrè li tout tan li ap avanse. Pwofesè pitit ou a genyen dosye rezilta tout ekzamen pitit ou yo e li ap sèvi avèk yo pou analize pwoblèm ki ekziste e ki merite koreksyon lakay li oubyen pou adopte yon teknik ansèyman diferan. Tès yo ede pwofesè yo idantifye ki kote elèv yo pi fò yon fason pou yo kapab ba yo devwa ki nan nivo fòs yo. Lekòl yo sèvi ak rezilta ekzamen yo pou devlope plan ki pou amelyore pèfòmans akdemik yo

an jeneral. Yo mete rezilta tout ekzamen yo a dispozisyon paran yo. Yo kapab korije ekzamen ofisyèl sa yo plizyè fason diferan.

Ekzamen yo rele norm-referenced test yo; Tès Akonplisman Standford (SAT/10) la se yon tès “norm-referenced” ki konpare pitit ou a avèk lòt timoun ki atravè nasyon an. Yo prezante rezilta yo jeneralman sou fòm “percentile”. Si yon elèv reyalize yon nòt ki egal a 75^{em} percentile nan yon ekzamen norm-referenced, sa vle di ke li fè pi bon nòt pase 75 pousan elèv ki nan menm klas avèk li ki sibi menm ekzamen an. Sa pa vle di ke elèv la reponn 75 pousan nan kesyon yo kòrèkteman. Nòt ki pi ba yon elèv dwe fè pou pase ekzamen nòm referans yo se 26^{em} percentile ou pi wo.

Ekzamen yo rele criterion-referenced test yo; Tès 2.0 Evaliyasyon Konplè Florida a (FCAT 2.0) se yon tès criterion-referenced ki mezire sa elèv yo rive akonpli nan Pwogram Edikasyon Next Generation Sunshine State Standards yo nan lekti, matematik, syans, ak ekriti. Tranzisyon soti nan FCAT pou ale nan FCAT 2.0 a pral antre nan faz li, avèk ekzamen Lekti FCAT 2.0 ane 2011 la (klas 3-10^{em} ane) ak Matematik (klas 3-8^{em} ane ki ap premye evaliyasyon pou tanmen tranzisyon an). Yo pral administre ekzamen Syans FCAT 2.0 a (klas 5 ak 8^{em} ane) bay elèv yo pou premye fwa nan sezon prentan ane 2012 la. Yo mete sou sit entènèt FCAT la tranzisyon yo pwopoze pou FCAT 2.0 a. Yo mete nòt elèv yo ap fè yo nan yon echèl ou byen nivo (1-5). Nivo 5 se nivo ki pi wo ke elèv la ka atenn e ki demontre ke li kapab reponn a nenpòt defi yon materyèl kapab prezante devan li. Nivo 4 montre ke elèv la ap fonksyone pi wo ke nivo klas li. Nivo 3 endike elèv la ap aprann jan li dwe aprann. Nivo 2 pote yon avètisman pou fè konnen ke elèv la bezwen travay pi di e li bezwen resevwa èd sipleman tè lakay li ak nan lekòl la. Nivo 1 se definitivman yon avètisman pou di ou ke elèv la ba anpil e ke li kapab double klas li ye a. Ekzamen FCAT la enkli tou yon tès ekri pou klas 4, 8, ak 10^{em} ane, ke yo bay nan mwa mas chak ane. Ekzamen sa a ekzije pou elèv yo ekri yon disètasyon sou yon sijè yo ba yo nan yon peryòd tan ki limite a 45 minit. Yo korije disètasyon yo a swivan yon seri atant ki te deja tabli e ki ekzije pou timoun nan pa ekri bagay ki andeyò sijè a epi pou yo fè ide yo anchene ansanm. Si ou bezwen plis enfòmasyon sou jan yo entèprete rezilta tès yo, kontakte lekòl pitit ou a pou asistans.

Tès ke Pitit Ou a Kapab Sibi

Ou tande anpil bagay ap pale sou FCAT ak lòt ekzamen “ofisyèl yo” pitit ou a dwe sibi nan lekòl la. Ou kapab ap mande pou kisa yo prete tout atansyon konsa a tès sa yo. FCAT se sèlman youn nan plizyè ekzamen ofisyèl ke pitit ou a pral sibi pandan ane lekòl li yo. Yo administre tès sa yo pou divès kalite rezon. Yo ede lekòl la kolekte enfòmasyon sou elèv yo endividyèlman ak nan tout lekòl yo an antye.

Men yon lis deskripsyon ekzamen ofisyèl ke yo bay elèv ki nan tout lekòl piblik Collier County yo soti nan klas premye ane pou rive nan klas ywityèm ane:

Non Tès la	Klas	Bi Tès la
FCAT: Florida Comprehensive Assessment Test (Youn nan ekzamen ofisyèl Eta Florid la)	3-10	Ekzamen FCAT la gen plizyè tès ki enkli ladan, ke yo bay nan plizyè klas diferan. Nan tès sa yo nou jwenn lekti, matematik, ekriti ak syans. Ekzamen FCAT la mezire si timoun yo metrize Florida Sunshine State Standards la byen. Nou vle fè ou konnen ke apati ane 2011 la, elèv klas 9 ^{em} ane yo pap pran ekzamen matematik FCAT epi apati ane 2012 la, elèv klas 10 ^{em} ane yo pap pran ekzamen matematik FCAT. Angiz de sa, yo pral sibi ekzamen fen dane poukou Aljèb 1 pou elèv klas 9 ^{em} ane ak ekzamen fen dane poukou Jeyometri pou elèv klas 10 ^{em} ane. Epi tou apati ane 2012, yo pral ranplase ekzamen Syans FCAT pou elèv klas 11 ^{em} ane yo pa ekzamen fen dane pou kou Biyoloji 1 pou tout elèv ki pran kou Biyoloji.

Ekzamen FCAT Lekti ak Matematik a Refè	11 & 12	Elèv yo ap bezwen sibi ekzamen lekti ak matematik FCAT la pou yo ka gradye. Yo gen dwa itilize rezilta ACT ak SAT yo nan plas FCAT la pou yo ka reponn a ekzijans gradiyasyon yo.
FCAT Ekriti	4, 8, 10	Tès FCAT la mezire si elèv yo ap travay byen pou rive metrize Pwogram Ansèyman ki rele “Florida Next Generation Sunshine State Standards” la.
FCAT Syans	5, 8, 11	Tès FCAT la mezire si elèv yo ap travay byen pou rive metrize Pwogram Ansèyman ki rele “Florida Next Generation Sunshine State Standards” la.
Ekzamen final Eta a pou kou Aljèb 1	Elèv 9 ^{em} ane ak elèv ki nan klas Aljèb 1	Pou ka mezire akonplisman elèv ki ap swiv pwogram ansèyman Next Generation Sunshine State Standards , jan yo eksplike sa nan deskripsyon kou yo ak pou amelyore preparasyon yo pou kolèj ak pou mache travay la.
Ekzamen final Eta a pou kou Jeyometri	Elèv 10 ^{em} ane ak elèv ki nan klas Jeyometri	Pou ka mezire akonplisman elèv ki ap swiv pwogram ansèyman Next Generation Sunshine State Standards , jan yo eksplike sa nan deskripsyon kou yo ak pou amelyore preparasyon yo pou kolèj ak pou mache travay la.
Ekzamen final Eta a pou kou Biyoloji	Elèv ki nan klas Biyoloji 1	Apati ane 2012
Ekzamen final Eta a pou kou Istwa US	Elèv ki nan klas Istwa US	Apati ane 2013
Ekzamen Sivik Eta a	Elèv ki nan Kou Sivik yo	Apati ane 2014 nan klas Mwayen. Elèv yo dwe pase klas Sivik la pou yo ka pase soti nan klas 8 ^{em} pou ale nan klas 9 ^{em} ane.
SAT/10 Lekti ak Matematik	1-10	Ekzamen SAT/10 la konpare pitit ou a avèk lòt timoun ki sou tout teritwa peyi a
FAA Evaliyasyon Altènatif Florida	3-12	FAA evalye pèfòmans elèv ki genyen pwoblèm andikap konyitif sinyifikatif yon an yon pwogram ansèyman fonksyonèl modifiye.
CELLA Comprehensive English Language Learners Acequisition.	K-10	Ekzamen CELLA-a evalye konpetans Anglè Koute, Pale, Li, Ekri ak Konpreyansyon pou Elèv ki ap Aprann Anglè yo ke yo rele (ELLS).
BVAT	K-2 ak Elèv ki nan Klas Akèy yo	Tès bileng BVAT la (Bilingual Verbal Ability Test) evalye Konpetans Anglè ak lang Natif-Natal Elèv ki ap Aprann Anglè yo (ELLS) pou detèmine jan yo itilize Konpetans Akademik yo nan Lang yo (CALP).
FAIR	K-12	Evaliyasyon Florida pou Enstriksyon nan Lekti. Sa ka enkli evaliyasyon fòmatif nan fonik, konpreyansyon, mo komen ak langaj oral kouran.
COLLIER WRITES	2, 3 ,5, 6, 7, 9	Evaliyasyon Collier Writes la mezire kijan elèv yo ap travay pou rive metrize Pwogram Ansèyman ki rele “Florida Next Generation Sunshine State Standards” la.

Non Tès la	Klas	Bi Tès la
PSAT/NMSQT	10 -11	PSAT a mezire abilite akademik yon etidyan jan ke yo konpare sa a lòt etidyan ki a travè nasyon an. Li founi tou enfòmasyon sou devlopman akademik jeneral yon etidyan an konparezon a sila yo ki ap planifye pou ale nan fakilte. PSAT a sèvi tou pou idantifye etidyan ki kalifye pou Bous Detid National Negro Merit la ak bous detid pou Pwogram ki rele National Hispanic Scholars Award la. Yo sèvi tou pou idantifye aplikan ki pou ale nan akademi militè.
SAT I and SAT II: College Board Testing Program	11-12	Pou founi etidyan yo enfòmasyon sou abilite vèbal ak abilite matematik yo jan sa ap relate sou kijan etidyan yo pral travay byen lè yo ale nan fakilte. Ekzamen SAT I an sèvi nan revizyon aplikasyon pou admisyon nan plizyè fakilte ak inivèsite yo.
ACT: American College Testing Program	12	Pou founi etidyan yo enfòmasyon sou abilite yo nan kat domèn majè nan curriculum nan ki se Anglè, matematik, lekti, ak rezonman sou la syans. ACT a sèvi nan revizyon aplikasyon pou admisyon nan plizyè fakilte ak inivèsite.
Langaj!	5-8	Elèv ki fè nòt ki egal a nivo 1 oubyen 2 nan egzamen Lekti FCAT la.

Enfòmasyon Enpòtan ou ap Bezwen Konnen

Plan pou Siveyans Pwogrè yo (PMP): Se yon plan pèsònèl lekòl la (pwofesè, antrenè akademik, oubyen administratè yo) devlope ansanm pou lè yon timoun gen pwoblèm pou aprann nòmalman nan nivo kondisyon yo ekzije pou klas li dapre pwogram ansèyman Sunshine State Standards la oubyen ki gen pwoblèm pou konpòte li byen nan klas li. Li idantifye domèn akademik ak konpòtman kote li bezwen èd ak domèn espesifik pou li amelyore ak done pou fè entèkansyon de baz yo. Yo devlope Plan pou Siveyans Pwogrè yo swivan kote elèv la gen bezwen, yo fè li yon fason fleksib, epi yo renouvle li chak ane selon bezwen pou ka siveyè pwogrè yo pandan entèkansyon yo.

Pwogram Edikasyon pou Elèv Eksepsyonèl yo (ESE): Sèvis sa yo disponib pou elèv ki andikape ak elèv ki gen don yo, kote yo ap resevwa yon edikasyon ki dezinye atravè yon Plan Edikasyon Endividyèl (IEP) oubyen yon Plan Edikasyon (EP) pou reponn a bezwen espesifik yo genyen. Elèv andikape ki vle resevwa diplòm regilye ap pran menm tès yo epi yo ap korije egzamen yo ak menm echèl avèk lòt etidyan yo. Gen enfòmasyon detaye ki disponib nan gid sa a.

Sipò pou Konpòtman Pozitif (PBS)

Tout Lekòl nan Collier County, de menm ke departman transpòtasyon an, ap aplike Sipò pou Konpòtman Pozitif la. Sipò pou Konpòtman Pozitif la (PBS) ap bay moun yo yon nouvo fason pou panse sou zafè konpòtman nan lekòl yo. PBS la baze sou aksyon pou chèche konprann pou kisa pwoblèm konpòtman yo ap repete – fonksyon sou konpòtman yo. Apwòch sa a kapab fèt sou tout nivo nan lekòl la, nan yon etablisman espesifik, nan sal klas la, oubyen avèk yon elèv endividyèl. PBS se yon estrateji pwodiktif pou ka ansenye estrateji de baz ki apwopriye yo epi pou rekonpanse/rekonèt elèv ki afiche konpòtman yo espere yo obsève yo. PBS se aplikasyon estrateji ak sistèm evidans de baz pou asiste elèv yo ogmante pèfòmans akademik yo, ranfòse sekirite yo, diminye pwoblèm move konpòtman, epi tabli kilti ki pozitif nan lekòl yo. PBS fèt pou sipòte pwofesè, administratè, manb sèvis pèsònèl, manb fanmi, ak manb pèsònèl ajans ki ap travay andeyò distri a pou ka bati kapasite sou tout distri a pou ka kontrekare defi move konpòtman ke elèv yo ap afiche nan pwogram edikasyon regilye ak espesyal yo.

PBS ofriyon altènatif ki pozitif e efikas a metòd disiplin tradisyonèl yo. Metòd PBS yo baze sou rechèch e yo pwouve key o redwi yon fason konsiderab pwoblèm move konpòtman ki konn fè sifas nan lekòl yo, ki vin okazyon yon klima ki pi pozitif nan lekòl yo e ki ogmante pèfòmans akademik yo. PBS ap mache tou avèk Atik sou Edikasyon pou Endividi ki Andikape yo, ki ap defann entèkansyon ki ap fèt pou itilize konpòtman ki pozitif nan lekòl yo ak estrateji sou disiplin ki baze nan lekòl yo ki ap redwi oubyen elimine bezwen pou itilize opsyon pou sispansyon avèk ekspilsyon.

Nan tout lekòl la an jeneral, PBS basze sou atant espesifik endividyèl lekòl yo kote yo bati yon kilti pozitif pou lekòl yo. PBS konte sou done ranvwa disiplin ki ekzak e ki fyab pou ka konprann move konpòtman ki ap fè sifas nan lekòl la. Yon analiz done yo ap pèmèt ekip ki nan lekòl la idantifye domèn kote pwoblèm yo. Entèvansyon pou bras elide tankou ki kote ak kisa pou ansenye, rekonpans ak/oubyen rekonèt elèv ki pratike konpòtman yo espere yo, epi kominike sa manb pèsònèl yo, elèv yo, ak fanmi yo dekouvri. Pwosesis PBS la se yon apwòch ki baze sou tout yon ekip ki konte sou yon kolaborasyon fò ant fanmi yo ak pwofesyonèl ki soti nan divès kalite disiplin kèlkeswa nivo yo apaplike a. pwosesis PBS la gen rapò ak kreyasyon plan entèvansyon ki efikas ki pral kanpe an kwa kont pwoblèm move konpòtman yo, ansenye nouvo konpetans, epi kreye sistèm sipò pou elèv yo. Ou ap jwenn plis enfòmasyon sou PBS la nan <http://flpbs.fmhi.usf.edu/index.asp>.

Fason yo Distribye Nòt: (Pou Klas 3-12èm ane)

A = 90-100%	Bon jan Pwogrè
B = 80-89%	Pwogrè ki Depase Mwayèn
C = 70-79%	Pwogrè ki nan Mwayèn
D = 60-69%	Pwogrè ki pi Ba yo Kapab Aksepte
F = 0-59%	Echwe / Pa pase

Plan Edikasyon (EP): Sa a se yon plan yon ekip paran, edikatè, ak reprezantan distri lekòl la devlope pou elèv ki gen don yo. Plan an bay lis bi akademik yo ak metòd ansèyman yo.

Plan Edikasyon Endividyèl (IEP): Yo devlope plan sa-a pou elèv ki andikape yo e se yon ekip ki konpoze avèk paran, edikatè yo, ansanm ak lòt reprezantan nan distri a ki prepare li. Plan an bay lis akomodasyon elèv yo bezwen ansanm ak bi akademik ak metòd ansèyman yo.

Plan Pwogresyon Elèv yo: Se yon dokiman distri a ki bay detay sou règleman federal, règleman eta a ak règleman lokal yo ki konsène Pwogresyon Etidyan yo soti nan yon klas pou monte ale nan yon lòt. Dokiman sa a enkli ladan: mòd daksyon yo, prezans ak patisipasyon etidyan yo, pwomosyon, retansyon ak rekòmandasyon pou yon diplòm segondè. Konsèy Administrasyon Lekòl yo te apwouve li. Yo mete tout tèks la nan chak lekòl yo pou moun ki vle konsilte yo, nan sit web distri a epi yo distribye li bay paran yo.

Pwogrè Elèv yo fè ak Kanè yo Resevwa: Paran yo resevwa nòt sou pwogrè etidyan yo fè lè yo resevwa kanè enterimè ak kanè ke yo bay kat fwa pandan ane lekòl la. Yo mete kèk ekzanp disponib pou ou wè nan lekòl pa ou la.

Pwogram Nouvèl Jenerasyon Sunshine State Standards la: Nan Florida, nòm sa yo reprezante tout sa yo atann pou pitit ou a aparann nan nivo klas li yo. Yo atann pou pwofesè yo kouvri materyèl sa yo nan sal klas yo. Tout kanè yo pral baze sou nòm sa yo. Se Depatman Edikasyon Florida a ki devlope yo e gen yon ekzamen ki rele Florida Comprehensive Assessment Test ki mezire yo, epi gen lòt ekzamen ankò yo bay (ale wè seksyon FCAT ki pi wo a) ke tout elèv ki nan lekòl piblik yo sibi soti nan klas 3èm ane pou rive nan klas 11èm ane.

Retansyon: Règleman ak pwosedi ki tabli apwopo Pwogrè Elèv yo pou yo rive nan nivo klas yo ap disponib nan Plan Pwogresyon Distri a prepare pou Elèv yo. http://www.collier.k12.fl.us/student_services/more.htm

Medikaman “psychotropic”: Jan sa ye nan seksyon sa a, tèm “medikaman psycotropic la” sinyifi yon preskripsyon remèd ki itilize pou trete timoun ki gen pwoblèm mantal e nan remèd sa yo, nou jwenn san limitasyon “antihypnotics, antipsychotics, antidepressants, anxiety agents, sedatives, psychomotor stimulants”, ansanm ak “mood stabilizers.” Yon lekòl piblik pa dwe refize bay yon elèv aksè a pwogram oubyen sèvis paske paran elèv la refize bay timoun nan medikaman “psycotropic”. Yon pwofesè lekòl ak pèsònèl lekòl nan distri a kapab pataje ansanm ak paran an obsèvasyon yo fè sou yon elèv nan lekòl la konsènan pèfòmans akademik, fonksyonèl, ak nan konpòtman li, epi yo ka ofri pwogram opsyon ak lòt asistans ki disponib nan lekòl la pou paran an ak elèv la swivan rezilta obsèvasyon ki fèt yo. Sepandan, yon pwofesè lekòl piblik ak pèsònèl lekòl nan distri a pa ka fòse oubyen tante fòse antreprann nenpòt aksyon

espesifik kont paran an osnon ekzije pou ke yon elèv pran remèd. Yon paran kapab refize pou timoun li sibi ekzamen sikolojik. Nenpòt desizyon medikal ki konsène bezwen yon timoun se bagay ki regade timoun nan, paran li, ansanm avèk yon pwofesyonèl swen sante konpetan ke paran an chwazi li menm.

Enskripsyon nan Lekòl yo: Byenke majorite elèv yo kòmanse lekòl lè yo antre nan klas kindergarten, Collier County gen plizyè pwogram ki akeyi timoun pou klas pre-matènèl apati 3 ane daj. Pou yon timoun antre nan klas matènèl, fòk li genyen 5 lane avan oubyen nan jou ki ap 1^{er} septanm nan epi lu dwe nan 6 an pou li enskri nan klas 1^{er} ane epi pou li konplete klas kindergarten la avèk siksè.

Rekòmandasyon pou Enskripsyon

Standard	Paran ki abite avèk yon lòt moun	Timoun ki abite avèk lòt moun
<p>Vini ak YOUN nan bagay sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kat Ekzanpsyon Homestead pou Collier County (ke nou konsidere kòm rezidans primè fanmi an). • Avi Tax Enpo Lokatif pou Collier County (yo ka mande ou pote lòt verifikasyon). • Kontra pou Achte Kay nan Collier County, ki espesifye dat pou siyen dènnye papye yo, avèk yon kopi ak notarye a ke ou dwe pote vini 60 jou aprè ke ou finn siyen dènnye papye yo. • Kopi Manifestasyon Domisil nan Collier County ke paran an siyen. • Yon akò lweyaj oubyen afèmaj ki resan. <p><u>EPI DE</u> nan bagay sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Lisans ou Kat Idantifikasyon Florida ki resan. • Asirans Otomobil (de dènnye bòdwo sou eta kont yo). • Bòdwo elektrik, bòdwo dlo, bòdwo televizyon pa kab, oubyen bòdwo telefòn fiks ki resan (de dènnye bòdwo yo). 	<ul style="list-style-type: none"> • Yon lèt notarye ke moun kote li abite a ekri pou fè konnen ke paran an ak timoun nan abite avèk li. • Yon lèt notarye ke paran an (yo) ekri pou endike ke, an fèt, yo abite avèk moun sa a. • (3) prèv adrès ke moun ki te ekri lèt la bay pou etabli ke yo rete nan zòn lekòl la. • (3) prèv adrès ke paran yo ap bay pou verifeye ke yo abite nan adrès la vre. 	<p>Lekòl la oubyen paran yo dwe soumèt yon lèt notarye ke yo rele “Power of Attorney” ki enkli enfòmasyon sila yo bay Depatman Sèvis Elèv yo pou yo kapab revize li avan enskripsyon an kòmanse:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Relasyon gadyen timoun nan avèk timoun nan. • Gadyen an pral responsab pou sipòte bezwen edikasyonèl timoun nan. • Longè tan gadyen tanporè a ap dire. <p>Si Biwo Sèvis Elèv yo apwouve pou gadyen timoun nan vinn enskri li, fò ke gadyen an siyen Fòm Deklarasyon sou Akseptans Responsabilite distri a.</p> <p>Biwo Sèvis Elèv yo pral pouswiv ka a epi li pral voye yon lèt bay paran / gadyen an ak lekòl la, si gen bezwen pou sa.</p>

1. Si yon paran ta renmen pitit yo ale nan yon lekòl ki pa nan zòn kote yo rete a, yo dwe fè yon demand pou sa devan Espesyalis Chwa ak Lekòl Andeyò Zon yo (fòm yo disponib sou sit entènèt distri a). Demand pou li ale nan lekòl andeyò zòn li a dwe apwouve avan pou yo konplete enskripsyon li yo.
2. Si yon elèv ta demenaje yo dwe prezante avèk prèv rezidans jan nou mansyone sa pi wo a. Atik nou ap bay pi ba yo ap kapab konsidere kòm evidans ke elèv fin demenaje konplètman:

- a) Elèv la oubyen nenpòt ki abite ak elèv la pa okipe ansyen rezidans la pou okenn koz e a okenn moman; epi
 - b) Yo retire tout objè pèsònèl yo te genyen nan ansyen rezidans la; epi
 - c) Yo resevwa korespondans yo nan nouvo rezidans la;
 - d) Tout itilite yo transfere nan nouvo rezidans la; epi
 - e) Lisans, kat enskripsyon vòt ak lòt fòm idantifikasyon legal chanje sou adrès nouvo rezidans la.
3. Yo ekzije sètifika ekzamen fizik avèk sètifika vaksen ki resan.
- La lwa Florida rekòmande pou tout elèv ki ap antre nan lekòl Florida yo pou premye fwa prezante yon sètifika ekzamen fizik ki fèt nan espas douz (12) mwa avan enskripsyon an.
 - Elèv yo dwe prezante avèk yon Fòm DOH 680, ki se sèl dokiman lekòl yo aksepte kòm prèv vaksinasyon. Doktè Prive ak Depatman Sante a kapab bay fòm sa a.
 - Se sèlman Depatman Sante Collier County a ki kapab bay yon Sètifika Ekzanpsyon a Vaksinasyon pou rezon relijye.
 - Pyès elèv pa gen dwa vini lekòl san bon dokimantasyon sou vaksinasyon ou ekzanpsyon.
4. Yo ekzije pou ou vini avèk yon batistè oubyen yon lòt bagay ki kapab montre laj timoun nan.
- Yo rekòmande yon nimewo Sekirite Sosyal men li pa ekzijib.
 - Nenpòt elèv ki ap antre nan klas PK-12 ap bezwen montre yon orijinal oubyen kopi sètifye batistè yo oubyen lòt dokiman ki ka pwouve ki laj yo genyen.
 - Men ki dokiman yo aksepte pou bay prèv ki laj elèv la genyen:
 - Batistè; (orijinal oubyen kopi sètifye batistè a)
 - Yon sètifika batèm ki pou montre dat nesans avèk kote elèv la te batize, ki akonpanye avèk yon deklarasyon sou sèman ke paran yo fè;
 - Yon dokiman asirans ki montre ke pitit la genyen yon asirans vi ki ekziste pandan omwen de dènye ane yo; dosye kontanporen labib ki otantik sou nesans timoun nan ki akonpanye avèk yon deklarasyon sou sèman ke paran an siyen;
 - Yon paspò oubyen sètifika sou lè li te rive Ozetazini e ki bay laj timoun nan;
 - Yon dosye relve nòt ki bay laj timoun nan omwen nan dosye lekòl ki etale sou yon peryòd kat ane avan aplikasyon an, ki endike dat nesans li.
 - Yon deklarasyon sou sèman paran an fè ki akonpanye avèk yon sètifika ki bay laj timoun nan ke yon ofisye sante piblik oubyen yon doktè prive siyen pou endike ke doktè a te ekzamine timoun nan e kwè ke laj yo mete nan deklarasyon sou sèman an kòrèk.
7. Fòk yo mache avèk non konplè, adrès, kòd POSTAL, ak nimewo telefòn nenpòt lekòl elèv la te konn frekante avan, ansanm avèk dènye kanè oubyen fich yo ba li lè li te ap soti lekòl la.
8. Fòk yo ranpli yon kat Enfòmasyon Anyèl an ka Dijans pou Elèv la pou bay lekòl la nan moman enskripsyon an.
9. Si gen divòs, Fòk yo prezante avèk yon kopi dekrè divòs la avèk nenpòt dokiman legal resan ki aplike pou dwa paran yo pa rapò ak timoun nan lè li lekòl la (tankou “restraining order”, oubyen pou vin pran timoun nan lekòl).
10. Enfòmasyon konsènan elèv ki san kay yo disponib si ou kontakte sèvis Liyezou pou moun ki san Kay yo nan nimewo 239-377-0544 oubyen biwo Sèvis Elèv yo 239-377-0505.

Paran yo Kapab Fè yon GWO Diferans

Yo pwouve sa: chak fwa paran yo enplike aktivman nan edikasyon pitit yo, pitit yo travay pi byen lekòl. Ou gen menm enpòtans ak pwofesè pitit ou a lè nou ap travay pou ede pitit ou a resevwa bon jan edikasyon. Ou pa bezwen pale Anglè oubyen ou pa bezwen gen yon bon edikasyon pou w'ede pitit ou. Ou kapab fè yon gwo diferans sèlman lè ou patisipe nan eksperyans pitit ou a ap fè chak jou nan domèn edikasyon. Nan kèk peyi, paran yo pa gen dwa pou al vizite pitit yo souvan nan lekòl yo osnon mare zanmi ak pwofesè pitit yo. Sepandan, nan peyi sa a, pwofesè yo ESPERE pou paran yo vini chita pale avèk yo sou pwogrè timoun yo

ap fè. Lekòl yo vle pou paran yo konnen sa ki ap pase nan lekòl yo e yo vle pou paran yo jwe yon wòl nan edikasyon pitit yo. Depi timoun yo ap vin pi gran, yo ap aji kòm si yo pa dakò pou ou vini lekòl avèk yo. Men an fèt, menm timoun ki nan klas mwayen ak klas segondè yo bezwen santi ke ou avèk yo, menm lè ke yo pa montre sa.

Chèche Konnen Lekòl Pitit ou a ak Pwofesè Pitit ou a (yo)

Ale pase kèk tan nan lekòl pitit ou a. Eseye pale souvan avèk pwofesè pitit ou a. Si posib, ofri pou ou ede yo nan sal klas yo de tanzantan oubyen al sèvi kòm volontè pou ale nan joune ak timoun yo. Si pwofesè pitit ou a envite ou pou w vin patisipe nan yon reyinyon paran, se pou ou ale. Si ou gen kèk enkyetid konsènan pitit ou a, rele pwofesè a e planifye yon reyinyon pou w konnen sa ki pase. Se pou ou chèche abitye avèk direktè lekòl la, sou direktè a ansanm ak manb pèsònèl yo. Sèl fason ou kapab konnen moun ki an chaj nan lekòl yo se pou ou vin ede yo nan direksyon an kòm volontè. Pafwa, paran yo santi yo pa konfòtab pou yo ale nan lekòl pitit yo. Yo kapab santi ke lekòl la entimide yo osnon yo kapab santi yo enkyete paske yo pa pale Anglè byen. Pinga ou kite bagay sa yo ekate ou nan lekòl yo! Se pou ou kòmanse vizite lekòl la ansanm avèk lòt paran. Chèche konnen kilè reyinyon paran yo ap fèt epi eseye ale nan reyinyon sa yo. Lè gen yon reyinyon jeneral pou paran yo ke yo rele “Open House” osnon “Back to School Night”, se pou ou ale asiste yo. Anpil lekòl pibliye lèt pou paran yo avèk enfòmasyon sou reyinyon paran yo ak lòt evenman nan lekòl la. Si lekòl ou a pibliye lèt, pa bliye li yo. Chèche konnen ki moun ki responsab “Kontak Aktivite Kominotè” pou lekòl ou a ke yo rele “CIC.” Chèche fason pou ou vizite lekòl la e pou ou patisipe nan reyinyon yo lè sa posib pou ou. Pitit ou a ap kontan wè ou lè ou vini lekòl la. **VIN TRAVAY KOM VOLONTE !**

Edikasyon Paran yo

Yo ofri klas pou fè edikasyon paran yo nan divès lekòl a travè ane a. Yo ofri klas pou paran avèk timoun ki nan pwogram ki rele “Even Start Programs” yo nan zòn Immokalee. Pou Alfabetizasyon Fanmi yo, yo bay paran yo enstriksyon pandan ke timoun yo ap resevwa èd nan devwa yo epi paran yo tou pwofite pase yon bon ti moman ansanm avèk timoun yo. Genyen kèk lekòl ki ofri pwogram Alfabetizasyon pou Fanmi yo. Kontakte lekòl pitit ou a si ou ta renmen patisipe. Yo ofri Edikasyon pou Granmoun yo tou atravè kominote a nan divès lekòl. Yo pibliye yon pwogram klas yo chak sèt semèn e pwogram yo disponib sou sit entènèt www.collieradulthood.com. Pou plis enfòmasyon sou klas yo, kontakte biwo Edikasyon pou Granmoun yo nan nimewo (239) 377-0777.

Konferans ant Paran ak Pwofesè yo - Pwofite anpil de Konferans sa yo!

Ale chita pale ak pwofesè pitit ou a (parent-teacher conference) se youn nan pi meyè fason pou ou konnen kijan pitit ou a ap travay nan lekòl la. Pwofesè a kapab rekòmande yon konferans avèk ou, oubyen pa telefòn, oubyen a travè yon mesaj ki enskri nan kanè timoun nan. Si ou ta renmen aranje yon konferans pèsònèlman, ou fèt pou ou pran responsabilite pou ou rele pwofesè pitit ou a osnon ekri li yon lèt pou ou pran yon randevou pou chita pale avèk li. Yo reklame pou pwofesè yo rete lekòl yo sèlman nan lè travay yo ak pou yon ti bout tan avan e aprè lè lekòl yo. Ou pral bezwen aranje ou pou ou vini lekòl la nan lè konferans la. Si ou gen difikilte pou jwenn pwofesè pitit ou a pou ou planifye yon konferans, kontinye eseye e pa dekouraje. Si se nesèsè, al wè pwofesè a an pèsòn pou ou planifye yon reyinyon. Reyinyon ant paran ak pwofesè yo kapab pote anpil fwi. Ou kapab santi ou kontan e fyè lè ou aprann ke pitit ou a ap travay byen. Ou kapab santi ou fache tou epi ou trè defansif si ou genyen pou ou diskite kèk bagay ki enkyete pwofesè pitit ou a, pitit ou a ansanm ak ou menm. Pa bliye ke konferans la se yon opòtinite ou genyen pou ou travay an ekip avèk pwofesè a. Lè nou met tèt nou ansanm, nou kapab rezoud pwoblèm yo. Yo ekzije pou lekòl ki resevwa fon Tit I, nan nivo elemantè yo, òganize omwen yon konferans paran-pwofesè pou diskite sou pwogrè pitit ou a. Kontakte pwofesè pitit ou a pou w ka planifye konferans sa a. Konferans sa a se yon bon opòtinite pou diskite sou Konpak ant Paran/Lekòl la epi siyen li.

Men kèk konsèy ki ap ede ou pwofite tire anpil avantaj nan reyinyon paran ak pwofesè yo:

Avan ou ale nan reyinyon an, prepare yon lis kesyon ak preyokipasyon ou genyen yo. ekri yo epi vini avèk yo nan reyinyon an.

- Koute avèk atansyon sa pwofesè a ap di. Poze kesyon si ou pa konprann sa pwofesè a ap eseye eksplike ou. Si ou pa dakò ak sa pwofesè a ap di yo, mande plis enfòmasyon. Eseye pou ou pa prese kritike, men pinga ou chita ap tandè an silans sèlman. Plis ou kominike avèk pwofesè a, se plis youn ap konprann lòt.
- Si pwofesè a prezante domèn kote pitit ou a bezwen amelyorasyon, mande li kijan ou kapab ede pitit ou a fè amelyorasyon sa yo. Answit, mande li kisa ou kapab fè lakay ou pou ou ede timoun nan. Travay avèk pwofesè a pou devlope yon plan dakasyon pou lekòl la ak pou lakay.
- Mande pwofesè a kilè ou kapab kontakte li ankò pou kontinye swiv pwogrè pitit ou a. Pran yon randevou pou yon lòt reyinyon oubyen yon konvèsasyon telefonik.
- Si ou pa konprann pwofesè a paske ou pa pale menm lang avèk li, mande pou yo ba ou yon moun pou tradwi pou ou. Si pa gen moun ki disponib pou tradwi pou ou, mande pou yo ranvwaye reyinyon an pou lè ou kapab jwenn yon moun ki pou tradwi pou ou.
- Vini mete tèt ansanm ak Asosyasyon Paran yo (PTA ou PTO/Booster Clubs)
Sipòte lekòl pitit ou a nan vini patisipe nan asosyasyon paran yo. Yo bezwen apwi paran yo anpil nan tout PTA/PTO lekòl yo pou sèvi kòm liyezon avèk lòt paran, pou ranmase lajan nan maraton, ak pou sipòte lekòl la nan plizyè lòt fason. Si ou pa kapab al patisipe nan reyinyon PTA/PTO yo, rele prezidan PTA/PTO a epi pwopoze tèt ou pou w vin travay kòm volontè pou ou ede nan yon lòt lè, tankou pa ekzanp ou kapab fè kout telefòn le swa, oubyen ede avèk evenman yo. Yon asosyasyon paran ki aktif kapab genyen yon gwo enpak sou amelyorasyon lekòl la. Ou kapab vizite yon bon sous nan sit web www.pta.org
- Mande pou ou Vin Fè Pati Konsèy Konsiltatif Lekòl ou a (School Advisory Council)
Si ou ta renmen fè pati pwosesis ki enkli paran ak manb kominote yo nan pwosesis pou pran desizyon enpòtan sou sijè ki konsène lekòl pitit ou a, nou ankouraje yo vin patisipe nan reyinyon SAC, oubyen Konsèy Konsiltatif Lekòl yo. Chak lekòl gen yon SAC, ki konpoze ak paran yo, pwofesè yo, direktè lekòl la, pèsònèl sipò yo, ak lòt reprezantan komès ak kominote yo ki rankontre 8 fwa chak ane. Paran yo ap patisipe nan reyinyon yo epi yo ap diskite sou sijè ki ap diskite yo san y opa bezwen eli oubyen dezinye. Ou gen dwa chwazi tou pou w vin yon manb eli oubyen dezinye kòm reprezantan SAC. Si ou ta renmen vini yon reprezantan SAC, mande direktè lekòl ou a kijan kijan pwosesis la fèt. Paran eli paran, pwofesè eli pwofesè, ak kominote a. SAC la responsab pou devlope epi pran desizyon final ki konsène Plan Amelyorasyon Lekòl la (SIP), ki dekri akonplisman lekòl ou a te atenn avan, tabli nouvo bi chak ane, epi planifye estrateji pou amelyorasyon ki ap enplike enstriksyon, curriculum, teknoloji, materyèl/founiti edikasyonèl, disiplin, evaliyasyon, siveyans pwogrè, manb pèsònèl, sèvis pou sipòte elèv yo, bidjè ak patisipasyon paran yo. SAC la ede devlope bidjè lekòl la avèk direktè a. Manb SAC yo deside tou sou fason yo ap depanse lajan eta a bay pou fon espesyal SAC la pou ka amelyore lekòl la. Kantite lajan eta a alwe pou lekòl yo chanje chak ane. Devlopman ak apwobasyon plan pou itilize Fon yo Rekonèt yo, si eta a alwe yo avèk manb pèsònèl lekòl la. Anpil nan lekòl ki resevwa fon Tit I yo itilize SAC pou pran konsèy nan men paran yo pou yo ka devlope Plan Tit I Lekòl la, Règleman pou Patipasyon Paran yo, Plan Aksyon Règleman pou Patipasyon Paran yo, Konpak ant Paran/Lekòl la, ak lòt sijè Tit I ki enpòtan.

Kijan ou Kapab Defann Chanjman yo

Paran ki byen òganize yo e ki konprann kijan sistèm lekòl la travay ap kapab okazyone anpil chanjman. Pale avèk lòt paran e chèche konnen kisa yo panse. Ale chita pale avèk direktè ak pwofesè yo. Mande yo pou kisa yo panse pwoblèm sa yo ekziste epi koute sa yo ap di. Mande yo si yo gen yon plan ki pou amelyore sitiyaasyon an. sinon, ou kapab pote ou volontè pou w travay avèk pwofesè yo ansanm ak lòt paran pou nou kapab vini ak yon plan ki pou adrese pwoblèm nan.

Men kèk bagay “ou dwe fè” ak sa “ou pa dwe fè” pou lè ou ap prezante sijè ou la devan moun ou vle enfluyans yo.

- Se pou w metrize sijè ou pral devlope a epi vini ak fè ak figi pou ou sipòte prezantasyon ou la.
- Eksplike yon istwa ki pou pèmèt moun ki ap tandè ou yo konprann e enterese ak sa ou ap di yo.
- Fòk ou kapab rekòmande yon solisyon.
- Montre ke ou apresye enterè moun yo mete nan sa ke ou ap di yo epi di yo mèsì poutèt yo vin chita koute ou.
- Si ou ap bezwen pou ou voye lèt, fè moun yo ekri lèt yo a pwòp men pa yo.
- Voye plizyè lèt nan plizyè jou diferan/Pa aji tankou yon joujou oubyen pa fè demand.
- Santre-w sou bagay ki pozitif/Pa fè diskisyon, gwo kont ak di pawòl ki pa itil anyen.
- Ou pa bezwen enkyete paske ou pa pwofesyonèl nan sa ou ap fè; rete konsekan a ou menm.
- Pinga ou voye kat postal ki deja enprime ni fòm lèt ki deja itilize.
- Epi pinga ou mete nan tèt ou konkou ou bay yo pa enpòtan!
- Reponn epi voye retounen sondaj ke lekòl la oubyen distri a kapab voye ba ou.
- Konsèy ou ap bay yo enpòtan anpil pou amelyore relasyon ant paran yo ak lekòl la.

Volontè ak Aktivite Kominotè

Chak lekòl ki nan distri a gen yon pwogram oryantasyon pou volontè yo, sesyon fòmasyon ak evenman pou rekonèt sèvis ke yo rann. Genyen yon nouvo lis sou Kontra Aktivite Kominotè yo pou chak lekòl yo nan sit web la nan www.collierschools.com/community/volunteer.asp oubyen ou kapab kontakte Patti Wilson nan biwo Sèvis Relasyon Imèn yo nan nimewo (239) 377-0151.

Tan ak Talan pou Volontè yo

1. **Li pou yon Timoun.** A travè pwogram Reading Partners nou an ou kapab li pou yon timoun ki nan klas Pre-K pou ale jiska klas twazyèm ane e ede yo li pandan ke ou ap ankouraje yo renmen e apresye liv. Yo rekòmande pou ou pase inèd tan pa semèn nan yon sal klas. Yo ap ba ou fòmasyon pou sa.
2. **Ankadre ak Voye je sou yon Elèv.** Se pou ou vini yon manb *Take Stock in Children Mentor* konsa ou ap gen opòtinite pou ou motive ak ankouraje yon etidyan ki riske kite lekòl, men ki merite rete lekòl, pa al patisipe nan trafik dwòg ak trafik kriminel, pou li fè bon nòt ak pou ba li bous detid pou li rive dekwoche yon diplòm 4 ane etid nan inivèsite. Yo rekòmande pou ou pase inèd tan pa semèn nan lekòl la. Yo ap ba ou fòmasyon pou sa.
3. **Konekte avèk yon Sal Klas.** Se pou ou vini yon Asosye nan Edikasyon nan konekte tan ou kapab bay ak talan ou genyen avèk pwojè sal klas yo oubyen bezwen espesifik sal klas yo. Klike sou sit web www.educationforcollier.org pou ou jwenn aksè a yon lis dènye pwojè sal klas yo ak bezwen yo rekòmande pou klas la nan menm moman sa a, talan osnon resous asosye komèsan yo ak kominote yo. Òganizasyon komès ak kominote a kapab vizite sit web la tou, epi ofri sèvis yo.

Si ou Panse Pitit ou a Bezwen ale nan yon Pwogram Espesyal osnon si li pa fè mwayèn li Pwogram pou Timoun ki ap Aprann Anglè yo (ELL)

Chak paran oubyen gadyen yon elèv ki ap antre nan Lekòl Piblik Collier County yo pral konplete yon Fòm Enskripsyon ki ekri oubyen an Anglè, an Anglè/Espanyòl oubyen an Anglè/Kreyòl. Seksyon sondaj sou langaj ki nan fòm sa-a poze twa kesyon ki gen rapò ak lang timoun nan pale lakay li, lang li te aprann pale avan, ak premye lang li jan lwa META Consent Decree-a dekri pou sa fèt:

- Eske yo pale lakay la yon lang ki pa Anglè?
- Eske elèv la te pale yon premye lang ki pa Anglè?
- Eske elèv la pale souvan yon lang ki pa Anglè?

Chak lè paran-an reponn “Wi” pou youn nan twa kesyon yo, reprezantan ELL nan lekòl la dwe bay elèv la plis tès pou wè si li ap kalifye pou sèvis ELL pandan li ap antre nan lekòl la. Nan moman sa-a, lè sa posib, yo sipoze bay paran yo asistans nan lang natif-natal li pou ka eksplike li pwogram nan byen.

Konsèy Administrasyon Distri Lekòl Collier County-a itilize de mezi pou evalye nivo Anglè elèv yo ak aptitud yo nan tou de lang yo. Mezi sa yo se BVAT (Bilingual Verbal Ability Test) pou evalye konpetans tandè/pale yo ak tès CELLA pou evalye konpetans lekti ak ekriti yo. Tès sa yo bay pwofesè yo nòt ki pou ede yo detèmine plasman ki apwopriye pou elèv yo nan kat nivo aptitud Anglè nan klas òdinè yo.

Elèv ELL yo gen dwa pou gen aksè egal-ego nan tout pwogram ansèyman yo ki enkli ladan pwogram don yo ak lòt sèvis Edikasyon Eksepsyonèl yo. Si ou panse pitit ou a gen yon enkapasite ki anpeche li aprann nan yon sal klas regilye, ou kapab rekòmande pou yo teste pitit ou-a pou edikasyon eksepsyonèl. Distri lekòl la bay asirans ke timoun refijye e ki fèt nan yon peyi etranje ap jwenn aksè gratis egal-ego, e san kontrent nan edikasyon piblik ki apwopriye.

Eta a itilize ekzamen ki rele CELLA a (Comprehensive English Language Learning Assessment) pou mezire Pwogrè Anyèl Adekwa yo (AYP). An plis de sa, yo pral itilize li pou detèmine pwogrè popilasyon ki ap aprann Anglè yo (ELL) fè nan mezire Abilite yo nan Lang Anglè a jan yo ekzije sa nan Seksyon 3122 nan Tit III - Pati A nan lwa ki mande pou pa kite pyès elèv dèyè ki rele NCLB (No Child Left Behind) nan yon objektif ki rele AMAO (Annual Measurable Achievement Objectives). Lè kontak ESOL la oubyen yon ranplasan pa pale yon lòt lang, yon para-pwofesyonèl bileng pral tradwi enfòmasyon ki gen rapò ak pwogram ESOL la ak plasman posib ke yo ofri nan lang Espanyòl oubyen Kreyòl ak/oubyen lòt lang lè sa posib. Kontak ESOL la oubyen yon ranplasan, manb pèsònèl biwo guidance la ak/oubyen manb pèsònèl ki fè enskripsyon yo responsab pou mete sèvis tradiksyon disponib pou paran ak elèv yo. An plis de sa, biwo distri-a ap bay lekòl yo videyo ak DVD nan lang Anglè, Espanyòl ak Kreyòl pou pataje enfòmasyon pwogram Koneksyon ESOL ak Lakay Moun yo avèk paran yo. Si paran oubyen gadyen yo reponn “Non” pou tout twa kesyon yo, yo pral plase elèv sa yo nan pwogram edikasyon regilye piske yo pa kalifye pou resevwa tès la.

Lè Pitit ou a Gen Bezwen Espesyal

- Si pitit ou a gen nenpòt nan pwoblèm nou mansyone pi ba yo, ou kapab deside diskite pwoblèm sa yo avèk pwofesè-a, konseye lekòl la, oubyen direktè/tris lekòl la.
- Si li gen pwoblèm pou li oubyen ekri, prete atansyon, chita dousman pou fini devwa li.
- Si li gen pwoblèm konprann sa li wè oubyen tandè.
- Si li pa bay bon rezilta nan ekzamen ofisyèl yo/ekzamen nan klas yo.
- Si li santi devwa yo ap ba li nan nivo klas li yo twò fasil pou li.
- Si li gen pwoblèm emosyonèl ki anpeche li aprann.

Respons a Entèvansyon

RtI se yon **ankadreman** ki dezinye pou sipòte fason yo ap rezoud pwoblèm yo ak pouf è amelyorasyon nan lekòl yo sou plizyè nivo. RtI dirije desizyon ki app ran nan distri a ak nan nivo lekòl yo menm jan yo ap fè san an nivo ansèyman pwofesyonèl nan kominote a ak nan nivo pwofesè yo. Ankadreman an bay lekòl yo estrikti ki pou sipòte epi ogmante amelyorasyon lekòl yo an jeneral. Filozofi a se pou **TOUT** elèv resevwa enstriksyon “Tier 1” ak entèvansyon chak lè yo bezwen. Bi nou se – ***toujou*** – pou ke 100% elèv yo pase ekzamen ofisyèl pwen repè yo. Ki kalite entansite ansèyman elèv yo bezwen nan bi pou yo ka pa pase ekzamen yo sepandan, pral diferan.

Distri lekòl la genyen kòm responsabilite pou asire li ke yo sipòte elèv yo nan ansèyman yo. Fòk yo asire yo ke tout elèv ki gen pwoblèm pou aprann yo oubyen ki gen bon talan pou aprann vit e fasil e ki bezwen yon ansèyman ki desine espesyalman e ke yo idantifye sèvis ki fèt pou yo, e ke yo lokalize ak evalye, e founi avèk entèvansyon, ak si yo ekzije, evalye plis done. Yo ap mete edikasyon pou elèv eksepsyonèl ki apwopriye ke disponib pou yo si yo detèmine ke elèv yo reponn a tout kritè kalifikasyon Règleman Konsèy Administrasyon Eta a ak Seksyon 504 Atik Reyabilitasyon 1973 la espesifye.

Se responsabilite distri lekòl lokal la pou devlope epi mete an aplikasyon pwosedi entèvasyon edikasyon jeneral ki kowòdone pou elèv ki bezwen sipò akdemik ak sipò sou konpòtman anplis pou yo ka fè pwogrè nan yon anviwonman edikasyon jeneral. Lè li ap aplike jan de pwosedi sa yo, yon distri lekòl kapab òganize lòt aktivite ki enkli tèm ak kondisyon pou fè evaliyasyon edikasyonèl ak konpòtman, pou bay sèvis, ak sipò, ki enkli enstriksyon alfabetize ki baze sou la syans ak devlopman pwofesyonèl pou pwofesè ak lòt manb pèsonèl lekòl yo ki ap pèmèt yo delivre ansèyman akademik ki baze sou rechèch ak entèvasyon sou konpòtman. Yo pa rekòmande entèvasyon edikasyon jeneral pou elèv yo sispèk ki gen talan oubyen pou elèv ki ap resevwa ansèyman pandan yo kouche malad lakay yo oswa sou kabann lopital. Yo gen dwa pa rekòmande ekzizans pou entèvasyon edikasyon jeneral pou elèv yo sispèk ki genyen yon andikap si yon ekip ki konpoze avèk pwofesyonèl kalifye ansanm ak paran li detèmine entèvasyon edikasyon jeneral sa yo pa apwopriye pou elèv ki demontre ke yo genyen pwoblèm nan langaj yo oubyen gwo pwoblèm pou panse, pwoblèm fizik oubyen lòt defisi sosyal/konpòtman sevè ki kapab ekzije entèvasyon imedyat pou anpeche ke elèv la oubyen lòt moun ankò viktim.

Entèvasyon ki baze sou rechèch ki adrese domèn ki konsène yo ke yo idantifye dwe antre an aplikasyon nan anviwonman edikasyon jeneral yo. Entèvasyon yo seleksyone pou aplike yo dwe devlope atravè yon pwosesis ki itilize done pèfòmans elèv yo pou, pami lòt bagay ankò, idantifye epi analize domèn ki konsène yo, seleksyone epi mete an aplikasyon entèvasyon ki apwopriye, epi pote siveyans sou efikasite entèvasyon yo. Yo pral mete entèvasyon yo an aplikasyon jan yo desine yo pou yon peryòd tan rezonab e avèk yon nivo entansite ki mache avèk bezwen elèv la. Yo dwe kolekte epi kominike avèk paran yo pre-entèvasyon avèk siveyans sou pwogrè ki ap kontinye pou mezire domèn akademik ak/oubyen konpòtman ki konsène yo nan yon fòm ke yo kapab konprann. Yo pa dwe konstwi anyen nan seksyon sa a pou oubyen limite oubyen kreye yon dwa pou yon edikasyon piblik ki gratis e ki apwopriye (FAPE).

Edikasyon pou Elèv Eksepsyonèl yo (ESE)

Yon elèv eksepsyonèl se yon elèv ki genyen bezwen ansèyman espesyal. Ed espesyal yo ap ba yo lekòl la rele edikasyon pou elèv eksepsyonèl yo, oubyen ESE. Nan Florid, sèvis ESE yo disponib pou elèv ki andikape ak elèv yo idantifye kòm elèv ki genyen Talan. Bi nou se pou bay tout elèv eksepsyonèl yo edikasyon piblik gratis ki apwopriye (FAPE), ede yo pwogrese nan pwogram edikasyon jeneral la, e pou prepare yo pou lavi aprè lekòl. Yon fwa ke yon elèv kalifye pou resevwa sèvis ESE swivan omwen youn nan eksepsyonalite ki pi ba yo, yo pral devlope yon Plan Edikasyon Endividyèl (IEP) pou andikape oubyen Plan Edikasyonèl (EP) pou elèv ki gen talan yo:

Twoub ke yo rele “Autisme Spectrum”

Pwoblèm nan Zòrèy (Soud oubyen tande di)

Pwoblèm Mantal ki Retade Devlopman li (laj 3-5)

Pwoblèm Vizyèl (Avèg oubyen pa kapab wè byen)

Pwoblèm Emosyonèl/Konpòtman

Talan

Kouche Malad Lakay oubyen Lopital

Pwoblèm Pale byen/Langaj

Pwoblèm fizik avèk: Pwoblèm Otopedik, Lòt Pwoblèm Sante, oubyen Frakti nan Sèvo

Pwoblèm Espesifik pou Aprann

Pwoblèm pou pale

Pwoblèm pou wè byen

Avèk Atik pou Edikasyon Endividi ki Andikape yo (IDEIA), yon timoun ki gen pwoblèm andikap, genyen omwen twa ane e pi piti pase 22 ane, reponn a kritè pou kalifye e ki pako gradye nan klas segondè avèk yon diplòm nòmal e gen dwa pou resevwa sèvis edikasyonèl espesyal nan distri lekòl la. Si ou kwè ke pitit ou a gen yon pwoblèm andikap ki anpeche li aprann byen, ou sipoze ale diskite enkyetid ou yo avèk pwofesè a,

konseye, oubyen direktè nan lekòl ou a. Tanpri soumèt nenpòt rapò medikal oubyen edikasyonèl bay lekòl la pou konsiderasyon lè yo ap planifye pwogram edikasyon pou pitit ou a.

Si ou genyen yon timoun ke ou sispèk ki an reta nan devlopman li, e ki pa ko enskri, nan yon lekòl piblik, ou ta dwe kontakte **Child Find**, yon sèvis GRATIS Depatman ESE Lekòl Piblik Collier County ak Sant Dyagnostik Florida ansanm ak Sistèm Resous Ansèyman (FDLRS) nan (239) 337-8363 oubyen apèl gratis nan (866) 551-8363. Child Find pral kondi yon ekzamen preliminè sou devlopman e si yo idantifye enkyetid yo pral refere li bay kominote pwogram ansèyman bonè yo (community early learning) tankou: “Early Steps for children birth-two”, oubyen Ekip Evaliyasyon Pre-K ESE. Lè sa apwopriye, yo ap sigjere lòt resous kominotè pou paran yo.

Lòt Dwa Legal

Avi sou Dwa ou Genyen swivan Amandman Lwa sou Dwa Pwoteksyon Elèv yo (PPRA)

PPRA favorize paran yo sèten dwa ki konsène kondwit sondaj yo, koleksyon ak itilizasyon enfòmasyon pou rezon komèsyal, ak sèten ekzamen fizik. Yo enkli dwa ou genyen pou:

1. Bay konsantman ou avan pou yo ekzije timoun nan soumèt a sondaj evaliyasyon ki konsène youn oubyen plizyè nan domèn pwoteje sila yo (“protected information survey”) si se yon pwogram nan Depatman Edikasyon (ED) U.S. ki finanse sondaj la an gwo ou an pati; afilyasyon politik oubyen kwayans elèv la osnon paran elèv la; pwoblèm mantal ou sikolojik elèv la oubyen fanmi li; konpòtman oubyen atitud seksyèl; konpòtman ilegal, anti-sosyal, ki ap degrade tèt li, ki fè li pèdi respè-l; lòt moun ki ap fè kritik avèk moun ki pre ak fanmi li; relasyon yo rekonèt ki legal, tankou avèk avoka, doktè, oubyen pastè; pratik relijye, afilyasyon oubyen kwayans elèv la osnon paran li; oubyen kòb li fè ki diferan de sa la lwa mande pou detèmine elijibilite li nan pwogram nan.

2. Resevwa avi ak yon opòtinite pou chwazi pa enkli yon elèv nan nenpòt sondaj enfòmasyon ki pwoteje, san sousye de lajan ki ap bay; nenpòt ekzamen oubyen evaliyasyon fizik ki pa ijan, lekòl la oubyen yon ajan ki ap travay pou li reklame pou pitit mwen an fè paske li frekante lekòl la, e ki pa nesèsè pou pwoteje sante ak sekirite yon elèv, eksepte ekzamen zòrèy, zye, oubyen pou verifiye kolòn vètebral li, oubyen ekzamen fizik, osinon evaliyasyon lwa eta Florid la admèt oubyen ekzije; ak aktivite ki gen rapò ak koleksyon, difizyon, oubyen itilizasyon enfòmasyon pèsònèl yo rekeyi bò kote elèv la pou rezon ki gen rapò ak komès oubyen pou vann oubyen pou lòt kalite distribisyon ki gen rezon pa yo.

3. Enspekte, sou demand ak avan itilizasyon pa administrasyon yo: sondaj sou enfòmasyon pwoteje elèv yo; enstriman ki itilize pou kolekte enfòmasyon pèsònèl nan men elèv ki prale pou nenpòt nan komès ki pi wo yo, pou rezon vant oubyen lòt rezon distribisyon; ak materyèl enstriksyon ki sèvi kòm pati nan pwogram edikasyon yo. Yo transfere dwa sa yo soti bò kote paran yo pou ale jwenn yon elèv ki gen 18 an oubyen yon minè ki anba lwa Eta a.

Konsèy Administrasyon Distri Lekòl Collier County a pral devlope yon règleman, an konsiltasyon avèk paran yo, konsènan dwa sa yo, avèk tou aranjman ki pou fèt pou pwoteje zafè konfidansyèl elèv yo nan sa ki konsène administrasyon sondaj enfòmasyon pwoteje yo ansanm ak koleksyon yo, piblikasyon yo, oubyen itilizasyon enfòmasyon pèsònèl yo pou rezon ki gen rapò ak komès oubyen pou vann oubyen pou lòt kalite distribisyon ki gen rezon pa yo. Konsèy Administrasyon Distri Lekòl Collier County a pral avize paran yo dirèkteman sou règleman sa yo omwen chak ane nan kòmansman chak ane lekòl ak aprè yo fè kèk chanjman konsiderab. Konsèy Administrasyon Distri Lekòl Collier County a pral avize dirèkteman tou, tankou atravè la pòs, paran elèv ki gen orè pou patisipe nan yon seri aktivite espesifik oubyen sondaj e yo pral founi opòtinite pou paran yo chwazi retire pitit yo nan aktivite espesifik oubyen sondaj sa yo. Konsèy Administrasyon Distri Lekòl Collier County a pral mete avi sa yo disponib pou paran yo nan kòmansman ane lekòl la si Distri a idantifye dat espesifik oubyen apeprè pou aktivite oubyen sondaj yo nan tan sa a. pou sondaj oubyen aktivite ki pwograme pou tanmen aprè ane lekòl la kòmanse, yo pral avize paran yo yon fason rezonab konsènan aktivite ki planifye yo ak sondaj ki nan lis yo e yo pral ba yo opòtinite pou chwazi retire pitit yo nan aktivite espesifik oubyen sondaj sa yo. Paran yo pral gen opòtinite tou pou revize sondaj

yo. Paran ki kwè ke yo vyole dwa yo kapab pote plent devan biwo ki rele “Family Policy Compliance Office, U.S. Department of Education, 400 Maryland Avenue, S.W., Washington D.C., 20202-5901.

Avi sou Dwa ou Genyen Swivan Dwa Dwa Edikasyon Familyal ak Atik sou Konfidansyalite yo (FERPA)

FERPA ofri paran elèv ki depase laj 18 an yo (“elèv ki kalifye yo”) sèten dwa ak respè nan sa ki konsène dosye edikasyon elèv sa yo. Dwa sa yo se:

Dwa pou ou enspekte ak revize dosye edikasyon elèv la nan yon espas 45 jou aprè jou lekòl la resevwa yon demand pou gen aksè a enfòmasyon yo.

Paran oubyen elèv ki kalifye ta dwe soumèt bay direktè lekòl la [oubyen yon lòt ofisyèl apwopriye] yon demand pa ekri ki idantifye dosye yo vle enspekte a (yo). Ofisyèl lekòl la pral fè aranjman pou yo jwenn aksè a dosye sa yo e li pral avize paran oubyen elèv la sou ki kote ak kilè yo ka vin enspekte dosye yo.

Dwa pou ekzije amandman nan dosye edikasyon elèv la ke paran oubyen elèv ki kalifye a kwè ki pa kòrèk oubyen ki bay fo enfòmasyon, oubyen tou ki an vyolasyon avèk dwa konfidansyalite elèv la anbe FERPA.

Paran oubyen elèv ki kalifye yo ka mande pou lekòl la amande yon dosye yo kwè ki pa kòrèk oubyen ki bay fo enfòmasyon. Yo ta dwe ekri direktè lekòl la [oubyen yon lòt ofisyèl apwopriye], epi idantifye klèman pati yo vle ki pou chanje nan dosye a, epi espesifye pou kisa li pa kòrèk oubyen li bay fo enfòmasyon. Si lekòl la deside pou li pa chanje dosye paran oubyen elèv kalifye yo mande a, lekòl la pral avize yo sou desizyon li pran an epi ba yo konsèy sou dwa yo genyen pou mennen dosye a devan tribinal pou fè lajistis deside si wi ou non yon amandman nesèsè. Yo pral bay paran oubyen elèv ki kalifye yo plis enfòmasyon sou pwosedi tribinal yo lè yo ap avize yo sou dwa yo genyen pou ale devan yon jij.

Dwa pou bay konsantman yo pou revele enfòmasyon pèsònèl ki nan dosye edikasyon elèv yo, eksepte nan sitiyasyon kote FERPA otorize pou revele enfòmasyon yo san konsantman.

Yon eksepsyon, ki pèmèt revelasyon san konsantman, se revelasyon bay ofisyèl lekòl yo ki gen enterè edikasyonèl lejitim. Yon ofisyèl lekòl la se yon moun lekòl la anplwaye kòm yon administratè, sipèvizè, enstriktè, oubyen manb pèsònèl sipò (ki enkli landan yo pèsònèl sante ou medikal ak inite polis ki afekte nan lekòl la); yon moun ki ap travay nan Konsèy Administrasyon Lekòl la ; yon moun oubyen yon konpayi ke lekòl la siyen kontra avèk li pou fè yon travay espesyal (tankou pa ekzanp yon avoka, yon moun ki ap fè odit, yon konsiltan medikal, oubyen terapis) ; oubyen yon paran osnon elèv ki ap sèvi nan yon komite ofisyèl, tankou yon komite disiplinè oubyen ki kont enjistis, oubyen asiste ofisyèl yon lòt lekòl pèfòme travay pa li yo.

Ofisyèl yon lekòl gen yon enterè edikasyonèl lejitim si li bezwen revize yon dosye edikasyon nan bi pou li ka ranpli devwa ak responsabilite pwofesyonèl li.

Sou demand ofisyèl nan yon lòt distri lekòl kote elèv la bezwen ale oubyen enskri, lekòl la ap mete dosye edikasyon a dispozisyon yo san okenn konsantman. [NOT: FERPA ekzije pou yon distri lekòl fè yon tantativ rezonab pou avize paran oubyen elèv ke yo mande wè dosye li amwens key o endike nana vi chak ane li yo key o ka transfere dosye yo sou demand.]

Paran/elèv yo gen dwa pote plent devan Depatman Edikasyon U.S. la si lekòl la pa fè sa FERPA ekzije li fè yo. Non ak adrès Biwo ki administre FERPA yo se:

Family Policy Compliance Office
U.S. Department of Education
400 Maryland Avenue, SW
Washington DC 20202-5901.

Règleman 2416 Konsèy Administrasyon Lekòl la - RECHÈCH AK EVALIYASYON – ENFÒMASYON PRIVE ELÈV YO AK AKSÈ PARAN YO GENYEN A ENFÒMASYON YO

Konsèy Administrasyon Lekòl la rekonèt ke yo bezwen itilize sondaj, kesyonè, oubyen lòt enstriman pou rasanble done kòm mwayen pou amelyore kalite sèvis edikasyon ke sistèm lekòl piblik yo ap bay yo. Itilizasyon sondaj yo kapab tou founi yon mwayen pou bay enfòmasyon sou divès kalite eleman nan kominote a. Konsèy la, pa konsekan, ankouraje pou yo òganize etid rechèch ki gen enpòtans nan edikasyon yo keseswa se Distri a ki pran inisyativ la oubyen lòt òganizasyon oswa lòt endividid.

Definisyon Rechèch Edikasyonèl

Yo pral konsidere rechèch edikasyonèl tankou tout efò yo ap fè pou rasanble done ki gen enpòtans pou misyon Konsèy la ansanm ak bi Distri a genyen yo. Yo pral karakterize yo pa motivasyon oubyen baz edikasyonèl yo, yon desen pou teste baz sa a, ak yon plan pou rapòte rezilta yo ak konklizyon yo.

Etid ki gouvènè pa règleman sa ekskli bagay sa yo:

- A. Aktivite sondaj enfòmèl ki enplike paran, pwofesè, ak/oubyen elèv yo ke direktè lekòl la apwouve pou pran desizyon sou nivo lekòl la oubyen ke yo kondwi kòm yon pati nan devwa yo bay nan klas la;
- B. woutin ke manb pèsònèl Distri a oubyen Konsèy Administrasyon an mande pou enfòmasyon ki nesèsè pou pouswiv pwogram yo nan Distri a;
- C. koleksyon ak rapòte enfòmasyon apati dosye piblik ki ekziste pou ka satisfè demand lejitim ki soti bò kote ajans gouvènman lokal, Eta, ak Federal yo.

Dispozisyon Law ki Gouvènè Rechèch Edikasyonèl yo

Yo dwe soumèt demand pou fè etid yo devan Direktè Rechèch, Evaliyasyon, ak Ekzamen yo avèk detay ki sifizan pou ka pèmèt yo fè evaliyasyon yo an tèm de faktè ki pi ba yo:

- A. enfòmasyon sou òganizasyon oubyen endividid ki pwopoze rechèch la;
- B. bi etid la ak fason yo pral itilize rezilta yo jwenn yo;
- C. avantaj ki genyen ladan pou elèv ki ap patisipe yo, Distri Lekòl la, ak edikasyon an jeneral;
- D. tan yo ap bay elèv ak manb pèsònèl ki pral enplike nan pwojè a;
- E. konbyen kòb sa ap koute Distri a, si gen kòb ki enplike;
- F. yon kopi sondaj la, kesyonè yo, oubyen yon lòt enstriman yo pral itilize pou rekeyi done ke yo pral soumèt ansanm avèk pwojè a pou yo ka apwouve li.

Après li finn konplete yon revizyon sou pwojè pou fè rechèch la, Direktè Rechèch, Evaliyasyon, ak Ekzamen yo pral oubyen apwouve oubyen rejte rechèch yo pwopoze a epi après li pral avize tout pati ki enterese nan desizyon yo. Yo ta dwe soumèt nenpòt apèl bay Sipèntandan an pou desizyon final. Apwobasyon yo ap bay pou nenpòt pwojè rechèch pral reponn a kondisyon ki nan kritè ki pi ba yo:

- A. Etid la pral fèt swivan plan yo te pwopoze a epi li pral swiv nenpòt enstriksyon espesyal ke Direktè Rechèch, Evaliyasyon, ak Ekzamen yo te rekòmande.
- B. Lè yo ap administre elèv yo tès oubyen kesyonè endividiyèl ki kapab entèprete kòm materyèl sansib pa

nati yo oubyen kesyon ki gen rapò ak vi prive yo kòm pati yon etid ki apwouve, yo dwe aplike dispozisyon sila yo:

1. Yo pral chèche jwenn pèmasyon paran yo pou nenpòt sondaj ki pral fèt kote yo pral revele enfòmasyon ki konsène youn (1) oubyen plis nan atik sila yo: (Yo dwe akonpanye fòm pou paran yo bay pèmasyon yo avèk yon vi jeneral pwojè a ki ap rezime an brèf sa etid la ye ak bi etid la.)
 - a. afilyasyon oubyen kwayans politik elèv la oubyen paran elèv la
 - b. pwoblèm mantal ak sikolojik elèv la oubyen fanmi elèv la
 - c. konpòtman oubyen atitud seksyèl yo
 - d. konpòtman ilegal, anti-sosyal, diskriminatwa, oubyen ki denigran
 - e. jijman kritik sou lòt endividi ki gen bon jan relasyon familial ki pre avèk moun ki ap reponn sondaj yo
 - f. privilèj ki rekonèt legalman oubyen relasyon ki konparab a sa, tankou pa ekzanp relasyon ak avoka, doktè, ak pastè legliz
 - g. pratik relijye, afilyasyon, oubyen kwayans elèv la oswa paran elèv la
 - h. kantite lajan yo touche (apa de sa ke la lwa ekzije ki pou detèmine kalifikasyon pou patisipasyon nan yon pwogram oubyen avan yo resevwa asistans finansyèl anba pwogram sa a).
2. Patipasyon an ap fèt sou baz volontè. Yo pa ekzije pyès elèv patisipe nan sondaj konsa si elèv la oubyen paran elèv la, si elèv la gen mwens ke dizwit (18) an daj, fè objè patipasyon li.
3. Yon elèv oubyen yon paran elèv, si yo gen mwens ke dizwit (18) an daj, gen dwa pou enspekte nenpòt jan de enstriman sondaj avan ke yo administre yo sondaj la oubyen avan ke yo distribye li bay elèv yo si gen yon demand ki fèt pou sa nan yon peryòd tan ki rezonab. Paran yo tou ap gen dwa pou yo avize yo sou aranjman ki pral fèt pou pwoteje vi prive elèv yo.
4. Yo pral mete enstriman pou sondaj elèv yo ansanm ak direksyon sou jan pwofesè yo dwe administre li disponib nan chak lekòl ki ap patisipe yo nan yon peryòd tan rezonab avan administrasyon sondaj la.
5. Yo pral avize paran yo sou règleman anyèl yo nan kòmansman ane lekòl la ak nan yon peryòd tan rezonab si genyen nenpòt chanjman remakab ki fèt nan règleman sa a. Jan de avi sa yo dwe enkli dat espesifik oubyen apwoksimatif sou lè yo pral administre nenpòt jan de sondaj sa yo pandan ane lekòl la.
 - C. Enfòmasyon yo ap kolekte yon fason anonim epi pap gen okenn enfòmasyon pèsònèl ki idantifyab ke yo ap kolekte oubyen rapòte sou yon elèv, yon moun, gwoup, oubyen òganizasyon endividyèlman.
 - D. Elèv oubyen manb pèsònèl yo nan distri a ki ap patisipe nan yon etid rechèch pandan lè lekòl yo pa dwe resevwa lajan pou patipasyon yo.
 - E. Si yo dwe idantifye Distri a sou kèlkeswa fason an nan rapò final yon etid ki apwouve, yo dwe sekirize pèmasyon pou sa avan.
 - F. Oganizasyon oubyen endividi ki ap mennen operasyon yo ansanm pral founi yon kopi rezilta final yo bay Distri a.
 - G. Yon eksepsyon pou rekòmandasyon pou pèmasyon paran nan nimewo "1" nan atik "B" a se Sondaj pou Jèn Florida a. Sondaj sa a pral administre pou tout elèv lekòl mwayen ak

lekòl segondè yo an akò a Tit IV nan Atik “No Child Left Behind” la (NCLB) avèk tou an kolaborasyon ak Biwo Gouvènè a pou Kontwòl Dwòg ak Depatman ki Okipe Zafè Timoun yo ak Fanmi yo, Sante, Edikasyon, ak Jistis Jivenil. Si paran/responzab yo pa vle pou pitit yo patisipe nan sondaj sa a, yo pral ba yo opòtinite pou yo soti ladan. Fòm pou yo pa patisipe nan sondaj la pral disponib sou plizyè kalite sous ki ap enkli ladan yo Kòd sou Kondwit Elèv yo.

F.S. 1002.22

20 U.S.C. 1232 (g)(h)

GENERAL

MODÈL Avi pou Direktwa Enfòmasyon yo

Avi sou Dwa Ansèyman ak Entimite Fanmi yo genyen (FERPA), ki se yon Lwa Federal, ekzije pou ke [Distri Lekòl la], avèk sèten eksepsyon, jwenn konsantman ou pa ekri avan pou yo pran desizyon pataje enfòmasyon pèsònèl ki nan dosye edikasyon pitit ou. Sepandan, [Distri Lekòl la] gen dwa veyikile yon fason apwopriye “direktwa enfòmasyon” san yon konsantman ekri, amwens ke ou avize Distri a pou pa itilize pwosede sa a an akò avèk pwosedi Distri a. Rezon primè direktwa enfòmasyon yo se pou pèmèt [Distri Lekòl la] enkli kalite enfòmasyon sa a ki soti nan dosye edikasyon pitit ou pou ale nan sèten piblikasyon lekòl yo. Ekzanp, playbill, liv enfòmasyon anyèl pou elèv yo, lis pou rekonèt elèv ki fè gwo nòt yo, pwogram gradiyasyon, fèy aktivite espòtif.

Direktwa enfòmasyon, ki se enfòmasyon ke jeneralman yo pa konsidere ki ka pote atent a yon moun oubyen ki ka anvayi vi prive li si yo pibliye yo, yo kapab revele yo tou bay òganizasyon ki andeyò lekòl yo avèk yon konsantman ke paran yo ekri. Òganizasyon ki ap travay andeyò lekòl yo enkli ladan yo, men yo pa limite a sa sèlman, konpayi ki fè bag gradiyasyon yo oubyen ki pibliye liv anyèl avèk foto elèv yo. An plis de sa, genyen de lwa federal ki ekzije pou ajans ansèyman lokal yo (LEAs) resevwa asistans swivan endikasyon Atik 1965 sou Edikasyon Elemantè ak Segondè yo (ESEA) pou bay moun ki ap fè rekritman militè yo, lè yo mande sa, avèk twa kategori direktwa enfòmasyon – lis non, adrès ak nimewo telefòn – amwens ke paran yo avize LEA ke yo pa vle pou yo divulge enfòmasyon pitit yo bay lòt ajans san yon konsantman ekri bò kote pa yo.

Si ou pa vle pou [Distri Lekòl la] pibliye direktwa enfòmasyon ki soti nan dosye edikasyon pitit ou san yon konsantman ke ou bay davans pa ekri, fòk ou avize Distri a pa ekri.

Seksyon 504 Atik 1973 sou Reyabilitasyon

Distri a gen entansyon asire li ke yo idantifye, evalye elèv ki «andikape» yo swivan definisyon Seksyon 504 Atik 1973 sou Reyabilitasyon an, epi ba yo aksè egal-ego nan pwogram edikasyonèl yo. Elèv yo kapab kalifye anba règleman sa a menm si yo pa ekzije pou jwenn sèvis daprè rekòmandasyon ki nan Atik sou Edikasyon Endividi ki Andikape yo (IDEA). Kontakte Kòdinatè Sèvis Sikoloji yo ki responsab pou asire ke yo aplike Seksyon 504 la pou plis enfòmasyon.

Sètifikasyon pou Pwofesè yo

Avèk Atik ki pote non No Child Left Behind Act la, paran yo gen dwa pou resevwa enfòmasyon konsènan sètifikasyon pwofesè pitit yo. Yo mete enfòmasyon ki konsène sètifikasyon ak ekspereryans pou pwofesè yo disponib nan Biwo Resous Zimèn nan. Si yon paran ta swete konsilte enfòmasyon sa yo, fòk li kontakte Biwo Resous Zimèn nan e fòk li pran yon randevou avèk sipèvizè a pou li al konsilte dosye yo. Direktè lekòl pitit ou a kapab disponib tou pou bay paran yo enfòmasyon sa yo. Pou plis enfòmasyon, kontakte Depatman Resous Zimèn nan nimewo (239) 377-0363 osnon vizite yo nan www.collierschools.com

Edikasyon Lakay

Selon La Lwa Eta Florid la, paran yo gen dwa pou yo edike timoun yo lakay yo. Pou yo kapab fè sa fòk yo enskri timoun yo pou pwogram edikasyon lakay la, kenbe yon dosye pou yo, soumèt yon evaliyasyon anyèl epi tèmine edikasyon lakay la atravè Biwo Sèvis Etidyan yo. Pou plis enfòmasyon, kontakte Depatman Sèvis Etidyan yo nan nimewo (239) 377-0505 oubyen vizite www.collierschools.com

Lekòl Andeyò Zòn Ou

Ou kapab aplike pou li chak ane ant 15 Desanm pou rive 15 Janvyè. Pou ou ale nan yon lekòl ki pa nan zòn pa ou, fòk ou bay administrasyon lekòl la yon rezon ki jistifye demand la (e.g. ou bezwen moun ki pou veye timoun yo nan nivo elemantè, ou ap travay nan lekòl patikilye sa a, ou pral abite nan zòn sa a, etc.) Yo ap apwouve demand ou a swivan espas ki disponib nan lekòl ou rekòmande a. Pou plis enfòmasyon, Kontakte Biwo Chwa ak Andeyò Zòn yo nan nimewo (239) 377-0253 oubyen vizite www.collierschools.com

Chwa Lekòl

Ou kapab aplike pou li chak ane pandan tout mwa janvyè a. Ou pa bezwen bay okenn rezon pou chwa sa a apa de fè yo konnen ke “se la ou vle pou pitit ou a ale lekòl.” Fòk gen espas ki disponib pou yo apwouve demand ou a. Ou kapab jwenn enfòmasyon sou opsyon chwa lekòl piblik yo tankou enskripsyon ouvè ki kontwòle, lekòl ak laboratwa, lekòl semi prive, magnet, lekòl altènatif, enskripsyon a de faz ak chwa lekòl prive yo. (Tankou Opòtinite Pwogram Bous Detid yo, Bous Detid McKay, oubyen pwogram bous detid kredi enkòm taks yo.) Pou plis enfòmasyon, kontakte Biwo Chwa ak Andeyò Zòn yo nan nimewo (239) 377-0253 oubyen vizite www.collierschools.com

Dwa Premye Amandman yo Bay Premye Amandman Konstitisyon U.S. la pwoteje dwa tout Ameriken genyen pou yo di sa yo panse san kè kase.

Kijan pou Pote Doleyan ou oubyen Rapòte yon Pwoblèm ki Serye

Kapab gen yon moman ki rive kote ou bezwen rapòte yon pwoblèm serye ki merite pou moun adrese. Oubyen ou kapab jwenn ak yon gwoup paran ki swete rekòmande pou chanjman fèt nan lekòl ou a osnon nan sistèm lekòl la. Men kèk ti konsèy ki ap ede ou jwenn sa ou bezwen nan system nan:

Si ou bezwen pote yon doleyans osnon fè yon rekòmandasyon nan lekòl pitit ou a, ou fèt pou ou kòmanse pale avèk pwofesè pitit ou a. Si pwofesè a pa kapab ede ou, ou kapab monte pi wo nan “chèn sipò a,” pale avèk chak moun jiskaske ou resevwa yon repons ki satisfè ou.

Rete kalm, se pou ou toujou pale ak kè poze e byen klè, rete tann moman ou kapab pale san ou pa eksite.

Si ou rele pou yon ensidan ke ou wè ak de zye ou, tyankou yon ensidan ki enplike pitit ou a lekòl la, pa bliye ke sa pitit ou a ak lòt timoun di gen dwa pa fin ekzak. Ou kapab mennen ankèt pou ou chèche konnen sak pase a tout bon avan pou’w akize yon moun (li mèt se pitit ou a).

Rasanble tout Prèv ou yo. Si ou ap pote yon doleyans, refere ou a detay espesifik yo (tankou “jou ki te mèkredi 6 janvyè a, pitit mwen an te rapòte mwen ke Ms. Jones...”)

Pran san ou pou’w tande repons kesyon ou yo, yon fason pou’w kapab reponn espesikman a sa yo di ou yo. Poze kesyon. Pran nòt. Make dat ou rele yo. Rete poli, men pèsiste pou ou jwenn sa ou bezwen an.

Chèn Sipò Lekòl Piblik Collier County yo

LSS (Sèvis Sipò pou Enstriksyon)

- Pwofesè Pitit ou a

- Direktè Lekòl la
- Beth Thompson, Pwogram Elemantè (239) 377-0107
- Susan McNally, Pwogram Segondè (239) 377-0090
- Martha Hayes, Ofisye an Chèf Enstriksyon yo (239) 377-0201

Règleman 9130 Konsèy Administrasyon lekòl la Pwosedi pou Pote Plent

Disponib sou sit web Lekòl Piblik Collier County yo www.collierschools.com

Divizyon Sipò Administratif/Resous Imèn/Kominikasyon

- Mary Ann Gemmill, Ofisye Administratif an Chèf (239) 377-0203
- Allun Hamblett, Depite Administratif an Chèf (239) 377-0351
- Joe Landon, Direktè Ekzekitif, Sèvis Kominikasyon yo (239) 377-0180
- Kevin M. Stockman, Direktè, Biwo Relasyon Elèv yo (239) 377-0540

Apwopo Konsèy Administrasyon Lekòl la

Konsèy Administratif Lekòl la konpoze ak senk ofisyèl ki eli e ki responsab pou bati règleman pou tout distri lekòl la. Konsèy Administratif Lekòl la pa gen anyen pou li wè ak elèv oubyen pwofesè yo endividyèlman, men li konsantre li plis sou prepare règleman ki pou jere tout lekòl ki nan kanton an. Se nan eleksyon yo vote senk manb Konsèy Administratif yo. Piblik la gen dwa vini patisipe nan reyinyon Konsèy Administratif Lekòl yo. Reyinyon yo fèt nan Sant Administrasyon Dr. Martin Luther King, Jr. a nan 5775 Osceola Trail, Naples, FL 34109, regilyèman. Orè reyinyon yo disponib sou sit web la nan www.collierschools.com/board/meetings/calendar.asp. Yo retransmèt reyinyon regilye Konsèy Administratif Lekòl yo an dirèk sou Estasyon Televizyon Edikasyon an, kanal 99 (Time Warner ak Comcast).

Kontakte Konsèy Administratif Lekòl la si ou ta swete adrese yo sou yon sijè ke yo ap diskite, oubyen si ou ta renmen fè manb Konsèy Administratif Lekòl la konnen preyoqipasyon ou. Manb Konsèy Administratif lekòl yo gen biwo yo nan Sant Administrasyon Dr. Martin Luther King nan 5775 Osceola Trail, Naples, FL 34109. Si ou bezwen kite yon mesaj pou yon manb Konsèy Lekòl la osnon ou bezwen konnen ki manb nan Konsèy la ki reprezante lokalite kote ou ap viv la, ou kapab rele biwo Konsèy Administratif Lekòl la nan nimewo (239) 377-0494. Paran yo lib pou yo rele manb Konsèy la si yo gen pwoblèm nan lekòl yo ki pa ka jwenn solisyon.

Eske Pitit Mwen an Aplike pou Antre nan Fakilte?

Si pitit ou a vle ale nan yon fakilte oubyen inivèsite aprè gradyasyon li, li toujou bon pou li kòmanse planifye bonè depi nan klas 11èm ane. Ou menm avèk pitit ou a pral bezwen eksplòre ki kalite fakilte ki ap pi bon pou li, ki ekzamen konkou dantre fakilte li ap bezwen pran, ansanm ak ki kalite èd finansyè ak bous detid ki disponib pou li.

Youn nan pi bon kote ou kapab aprann plis nan fason pou ou aplike pou fakilte se bò kote konseye ki nan lekòl pitit ou a. Genyen yon konseye nan chak lekòl segondè piblik Collier County yo ki gen pou responsabilite pou ede etidyan yo avèk plan gradyasyon yo, planifikasyon fakilte ak enfòmasyon sou bous detid. http://www.collierschools.com/student_services/scholarships/index.htm Distri a òganize yon Reyinyon Enfòmasyon sou Inivèsite chak ane nan sezon otòn pou etidyan ak paran elèv klas segondè yo. http://www.collierschools.com/student_services/

Ou kapab tou jwenn plis enfòmasyon sou fakilte ak inivèsite yo nan bibliyotèk lokal yo oubyen sou Entènèt. Ou kapab tou vizite sit entènèt sa a www.facts.org pou plis referans.

Konkou Ekzamen Antre nan Fakilte yo

Pitit ou a pral bezwen pou li pran tès espesyal ki rele “college entrance exams” (ekzamen dantre nan fakilte yo) pou li aplike pou fakilte. De tès ki pi enpòtan yo se SAT (Scholastic Aptitude Test) ansanm ak ACT (American College Testing Program). Majorite fakilte ak inivèsite yo rekòmande pou aplikan yo sibi tès sa yo. Pou plis enfòmasyon ou kapab vizite sit web sa yo: www.collegeboard.org or www.act.org. Lekòl segondè yo pral planifye tès sa yo pandan ane a men se pitit ou a ki pou enskri pou al pran tès sa yo. Li ap peye yon frè pou pran chak tès sa yo. Yo ap poste rezilta tès yo bay fakilte ke pitit ou a chwazi yo.

Nan majorite ka yo, pitit ou a pral bezwen pou li voye aplikasyon fakilte li yo nan dènye ane li nan lekòl segondè yo. Gen kèk fakilte ki ofri chwa pou yo aplike pou yo kapab pran yon “desizyon bonè.” Sa mande pou yon etidyan aksepte òf yon fakilte fè li pou yon admisyon bonè nan ane lekòl la.

Pwogram Bous Detid “Florida Bright Futures”

Florida ofri twa tip bous detid fakilte a travè Pwogram Bous Detid Florida Bright Futures, ke depatman lotri a fonde, pou elèv ki frekante yon lekòl piblik ou prive oubyen inivèsite nan Florid la. Konseye High School yo founi enfòmasyon bay elèv ak paran yo epi ede yo chèche fason pou yo detèmine elijibilite yo. Ale konsilte <http://www.floridastudentfinancialaid.org/> pou plis enfòmasyon.

Sesyon Fòmasyon pou Fakilte oubyen Aprè Lekòl Segondè yo

Enstiti Teknolojik Lorenzo Walker & Sant Edikasyon Bethune

Lekòl distri sa yo ofri fòmasyon nan divès kalite karyè ki enkli ladan yo syans sante, kou kwizin, komès, kosmetoloji, òdinatè elektwonik, aviyasyon, otomotiv, mekanik marin ak edikasyon pou pran swen timoun piti. Tout moun ki rive nan laj sèz an kapab aplike pou lekòl sa yo. Sila yo ki enterese jwenn plis enfòmasyon kapab rele enstiti Teknoloji Lorenzo Walker nan nimewo (239) 377-0900 ansanm ak Sant Teknik Immokalee a nan nimewo 377-9900 (Immokalee). Gen sit web ki sipòte fason timoun yo ap aprann ki disponib pou paran ak etidyan yo konsilte menm lè yo pa nan jou regilye lekòl la. De nan sit sa yo se:

FCAT Explorer disponib kòm yon sit web pou fè pratik pou klas 3-10èm ane yo nan www.fcateexplorer.com. Li se yon zouti entèaktif, ki baze sou Sunshine State Standards la, k-ap ede elèv yo ranfòse abilite yo bezwen pou sal klas la ak pou rès vi yo.

Sit web Riverdeep Matematik la founi kèk pratik matematik pou elèv ki nan klas K-12èm ane yo. Elèv yo ap itilize menm pwosedi pou yo antre nan sit la lè yo nan lekòl la osnon lakay yo pou sit web sa a nan http://www.collierschools.com/weblessons/techresources/riverdeep_LMS4.htm

Resous Distri yo

Sit Web Konsèy Administratif Distri Lekòl Collier County a www.collierschools.com. Enfòmasyon pou chak lekòl an patikilye afiche sou sit web distri a epi tout lekòl yo gen pwòp sit web pa yo.

➔ Depatman Sèvis Sipò Ansèyman yo: (239) 377-0201

Elemantè: (239) 377-0107 Segondè: (239) 377-0090 Don: (239) 377-0088

➔ Depatman Sèvis Elèv yo: (239) 377-0505

Benefis ak Byenèt • Edikasyon Lakay • Moun ki Sanzabri • Konseye, Sikològ

➔ Depatman Relasyon Elèv yo: (239) 377-0540

Prezans ak Patisipasyon nan Lekòl • Disiplin • Chwa Lekòl ak Andeyò Zòn • Lekòl ki Sen-e-Sof e sa

Dwòg • Volontè ak Patisipasyon Kominotè • Konpetisyon Atletik Entèskolè

➔ Depatman Edikasyon pou Elèv Eksepsyonèl yo: (239) 377-0130.

Règleman ak Pwosedi Distri a pou Pwogram Bezwen Espesyal yo

Pwogram Pre-kindergarten yo pou elèv laj 3-5 an avèk Bezwen Espesyal

➔ Depatman ELL ak Divèsite: (239) 377-0111

➔ Depatman Transpòtasyon:

South Naples-Marco: (239) 377-1021

Golden Gate City: (239) 377-1022

North Naples: (239) 377-1023

Estates: (239) 377-1024

N. Central Naples: (239) 377-1025

East Naples: (239) 377-1026

Immokalee: (239) 377-1027

Orè Transpòtasyon yo

➔ Depatman Kontabilite ak Ekzaminasyon: (239) 377-0008

➔ Depatman Resous Zimèn: (239) 377-0335

Sètifikasyon Pwofesè • Opòtinite pou Anplwa

➔ Volontè ak Aktivite Kominotè: (239) 377-0151

Opòtinite pou Volontè ak Aktivite Kominotè

➔ Biwo Chwa ak Andeyò Zòn: (239) 377-0253

Zòn Lekòl, Chwa Lekòl

Pwogram Tit I: (239) 377-0560

Pwogram Pre-Kindergarten: (239) 377-0590

Head Start, Pre-Kindergarten

➔ Even Start (239) 377-1193 (Immokalee) (239) 658-7080 (Immokalee)

➔ Depatman Edikasyon Workforce

Enstiti Teknoloji Lorenzo Walker: (239) 377-0900

Sant Teknik Immokalee: (239) 377-9900 (Naples)

Edikasyon Kominotè ak pou Granmoun: (239) 377-0777 oubyen 377-1234

➔ Depatman Teknoloji Enstriksyonèl:

Florida Virtual School: (239) 377-0451 oubyen vizite www.flvs.net

➔ Depatman Sèvis Nitrisyon (239) 377-0280 www.collier.k12.fl.us/foodservice

Resous Eta yo

Depatman Edikasyon Florida, www.firn.edu/doe

ERIC (Sant Enfòmasyon pou Resous Edikasyonèl yo), www.accesseric.org.

Patenarya Florida pou Anplikasyon Fanmi yon an Edikasyon, www.partnershipcenter.usf.edu

Rezo Fanmi pou Elèv andikape yo, www.fndfl.org

Enfòmasyon sou Sante ak Vaksinasyon

Nou ankouraje tout paran mennen timoun yo al konsilte yon doktè prive oubyen yon klinik sante nan kominote-a pou ede pwoteje epi prezève sante yo e an menm tan ba yo vaksen yo rekòmande pou yo pran. Entansyon ki kache dèyè vaksinasyon ak ekzaminasyon sante yo se pou asire ke nou gen yon popilasyon nan lekòl la ki an sante epi idantifye ak korije pwoblèm sante ki ekziste oubyen pwoblèm sante ki te ka vin deklare. Elèv ki viv an sante aprann pi byen!

Enfòmasyon pou Resous Sante Elèv yo/Resous Paran yo

- Healthy Kids and Kid Care Telefòn: (888) 540-5437
<http://www.healthykids.org>

Asirans Sante pou Timoun yo

- Ronald McDonald Care Mobile
1454 Madison Ave.
Immokalee, Florida 34142 Telefòn: (239) 658-3013
http://www.collier.org/rmcm_program.php

Ekzamen fizik gratis pou nouvo elèv ki ap antre nan lekòl Florida;
Pwogram Dantal

- District School Board of Collier County
5775 Osceola Trail
Naples, Florida 34109
<http://www.collierschools.com>

Telefòn: (239) 377-0001

Sèvis Elèv yo

Konseye/Sikològ Lekòl yo/Moun ki Sanzabri

Relasyon Elèv yo

Lekòl ki Sen-e-Sof e ki san Dwòg; Aktivite Atletik ak Intramural nan Lekòl Mwayen yo, SACC

Benefis ak Byenèt

Sèvis Sante nan Lekòl yo

Sèvis Nitrisyon

Meni sou Entènèt/Règleman sou Byenèt

Resous Nouriti ak Nitrisyon pou paran, pwofesè, jenès la

Sèvis Sipò pou Ansèyman yo

Edikasyon Sante/Edikasyon Fizik/Edikasyon pou Chofè

- Depatman Sante Collier County
3301 E. Tamiami Trail
Gouvernement Complex, Bldg. H
Naples, Florida 34112
<http://www.doh.state.fl.us/chdcollier/>
Telefòn: (239) 252-8595 (Vaksen) (239) 252-8200 (Nimewo Prensipal)
Vaksinasyon Gratis/Enfòmasyon Sante/Kowalisyon nan Collier pou Pwomosyon Sante/Sèvis Dantè
- Depatman Sante Collier County
419 North 1st Street
Immokalee, FL 34145 Telefòn: (239) 252-7300
Vaksinasyon Gratis/Enfòmasyon Sante
- Kowalisyon pou Timoun Viv an Sante ak an Sekirite
www.SafeHealthyChildren.org Phone: (239) 552-7788
- Collier Health Services/Children's Health Network
6 sit sèvis Pedyat nan Collier County/Swen pou Granmoun
Sèvis primè ak sèvis pedyatrik prevantif
Sèvis swen sante pedyatrik pou dan
http://www.collier.org/chn_overview.php (239) 658-3000
- David Lawrence Center
6075 Golden Gate Pkwy.
Naples, Florida 34116 Telefòn: (239) 455-8500
<http://www.davidlawrencecenter.org>
Sante Mantal pou Granmoun ak Timounak Pwogram Abi Sibstans
- NCH Healthcare System North Collier Hospital
350 7th Street N 11190 Health Park Blvd.
Naples, Florida 34102 Naples, Florida 34110
Telefòn: (239) 436-5000 Telefòn: (239) 436-5000
<http://www.nchmd.org/>
Sèvis Medikal/Enfòmasyon Sante/liy pou referans Doktè/Sèvis Pedyatrik/Sèvis pou Sal Dijans Lopital
- Collier County Park and Recreation
1500 Livingston Rd.
Naples, Florida 34109 Phone: (239) 254-4000
<http://www.colliergov.net/parks/>

Pwogram ak plas pou sipòte yon sistèm vi aktif atravè Collier County

- Collier County Public Library
2385 Orange Blossom Dr.
Naples, Florida 34109 Telefòn: (239) 593-3511
<http://www.collier-lib.org/>
Liv ak resous pou sipòte yon kalite vi ki aktif
- YMCA of the Palms, Greater Naples Branch
5450 YMCA Rd.
Naples, Florida 34109 Telefòn: (239) 597-3148
www.ymcanaples.org
Klas pou Fanmi/Pwogram pou Jèn/Pwogram pou Granmoun
- Drug Free Collier
Maria Victoria Delgado, Ph.D., Direktris Ekzekitif
P.O. Box 770759
Naples, Florida 34107 Telefòn: (239) 377-0535
www.drugfreecollier.org

NITRISYON AK SANTE FIZIK POU TIMOUM **Konsèy sou Byenèt pou Paran yo**

Ki soti nan Sèvis Depatman Nitrisyon Lekòl Collier yo, Depatman Edikasyon Fizik ak Depatman Sante Florid/Sèvis Sante Lekòl yo

Nitrisyon:

- **Gen dejene ak lunch ki disponib pou elèv yo nan lekòl la.** Yo ap bay tout elèv nan lekòl manje maten gratis. Elèv ki soumèt yon aplikasyon pou manje ke yo apwouve ap resevwa lunch gratis tou. Pri konplè elèv yo ap peye pou manje midi pou ane lekòl 2011-12 la se 2 dola pou lunch nan lekòl elemantè yo ak 2 dola 25 pou lunch nan lekòl segondè yo. Nou ankouraje tout fanmi yo aplike pou timoun ka jwenn avantaj manje gratis jodi a menm paske aplikasyon nouriti pou ane pase a ap ekspire an septanm.
- **Achte avèk entelijans.** Estoke nan kwizin ou manje ki nourisan ki chaje ak fib (fiber) ki pa gen anpil sik ak grès. Piske se paran ki plis achte manje pou kay la, si nou chwazi pou achte manje ki ka mete timoun yo an sante, se manje sa yo sèlman yo ap ka chwazi pou yo manje. Ankouraje timoun yo distrè yo epi aprann tout kalite nouriti ki ekziste. Tout nouriti kapab antre nan yon plan ki ap fè timoun yo viv an sante.
- **Veye ki valè nouriti yo ap manje.** Olye pou ou kite timoun yo pran kantite manje yo vle manje, sèvi yo manje nan yon plat epi veye pou ke pòsyon ou ap ba yo-a menm gwosè ak lè yo mare pwen yo. Se paran yo ki responsab pou bay manje ki pou mete timoun yo an sante. Timoun yo responsab pou manje kantite manje yo ka manje.
- **Premye bwason prefere-a: dlo.** Anpil fwa, lè yon moun panse ke yo grangou, se swaf yo swaf pito. Yo kapab vin rann kont ke yo pat grangou apre yo fin bwè yon vè dlo. Bay pitit ou anpil dlo fre pou yo bwè epi ofri yo lòt bwason yo prefere ki bon pou sante yo, tankou lèt ki pa gen grès ak 100% ji. Soda ak bwason ki gen savè chaje ak sik ak kalori e yo pa bon pou sante fanmi ou ak pou dan yo.
- **Rejim pa fèt pou timoun.** Timoun yo bezwen manje nouriti ki pou mete yo an sante epi fè ekzèsis pou yo ka devlope. Yo devlope ak yon rit diferan. Pandan ke yo ap grandi yo konn vin gwo souvan e yo ka sanble yo twò gwo pou laj yo. Answit devlopman yo ka demare epi “yo ka rive devlope ak pwa yo” oubyen yo ka sanble ke yo vin twò mens. Tanpri pran pasyans avèk yo epi ede yo fè chwa ki ap pèmèt yo viv an sante. Pinga ou itilize mo “dyèt” lè ou ap pale avèk pitit ou sou fason yo dwe pran abitud manje. Timoun ta sipoze evite pèdi ak pran pwa rapid ak swiv dyèt epi yo dwe konsantre sou manje nouriti ki ap bon pou sante yo.

- **Ankouraje pitit ou-a, men pa itilize manje kòm rekonpans.** Aplodi timoun yo lè yo fèchwa ki ap ede yo viv an sante. Lè ou pa ba yo “manje pou rekonpanse” yo, sa kapab rann relasyon nou pi solid. Eseye rekonpanse bon konpòtman nan jwe yon jwèt oubyen nan fè tout fanmi-an ale pran yon ti plezi yon lòt kote an plenè.
- **Yon ti manje vs. yon bon tretman.** Timoun konn souvan mande “yon bagay pou yo manje” paske yo grangou avan lè manje rive. Lè ou ap ofri yo manje, poze tèt ou kesyon sa-a: “Eske manje mwen ap ba li-a se yon ti manje ki nourisan oubyen èske se jis yon bon jès mwen ap fè avèk li?” Ti manje yo rele “snack” la se yon manje nourisan moun manje avan repa lè yo grangou e li ta dwe fè pati nouriti yo bezwen pou nouriti kò yo chak jou.
- **Aprann timoun yo idantifye lè yo grangou.** Gen anpil moun ki pa ka deparye lè yo ap manje sou emosyon ak lè yo grangou tout bon. Lè yon moun grangou se lè li santi vant li vid, tandiske lè yon moun ap manje sou emosyon se lè li manje pou li ka fè tèt li plezi/pou kè kontan, pou dezannwiye tèt li, pou boure kò li ak manje, etc.
- **Kreye yon atmosfè pou siksè.** Ou dwe limite nan dyèt fanmi an chips, dips, soda, sirèt ak lòt snack ki chaje grès ak sik. Mete anpil fwi, fwomaj ki pa gen anpil grès, pistach, legim fre ak lòt snack ki bon pou santé.
- **Manje ansanm an fanmi.** Si timoun yo remake ou ap manje nouriti ki bon pou sante, yo ap vle eseye manje sa yo tou pa kiriyozite. Envite timoun yo eseye manje nouvo, men pinga ou ensiste pou yo fè sa. Ansenye yo avèk ekzanp. Mete anpil varyete manje disponib pou yo epi kite yo “goute manje sa yo avan” pou wè si yo renmen yo.
- **Sèvi manje nan fanmi an nan ti asyèt piti.** Anpil fanmi nan peyi Etazini te konn itilize asyèt ki gen lajè 8 oubyen 9 pous jis nan lane 1970 yo. Sa a se yon bon fason pou redwi gwosè pòsyon manje yo ap sèvi epi fè sanblan ke fanmi ou gen plat ki ranpli devan li. Si yo toujou grangou apre yo fin manje sa ki devan yo a, yo kapab toujou mande ankò.
- **3 Fwa-pa Jou se fason ki pi fasil la.** Pwodwi ki fèt ak lèt se bon sous pou kalsyòm ak pwoteyin. Timoun ki ap grandi bezwen twa pòsyon pa jou. Eseye sèvi yo yogurt, baton fwomaj, fwomaj ki koube an kib avèk biswit sèk oubyen krèm ki pa gen anpil grès. Pa bliye, ti bat bouch nan mitan repa konsa bon pou sante epi yo plen vant timoun pi byen pase lòt manje kli chaje ak sik ak kalori.
- **5 Fwa-pa Jou se fason ki pi fasil la.** Yo vann anpil fwi ak legim koulye-a tou prepare nan sache, oswa ou kapab lave yo epi koupe yo epi mete yo nan frijidè ti sachè osnon ti bòl. Ou kapab prepare karòt, brocoli, tomat piti, seleri, rezen, fig, zoranj, ak pòm davans pou ti nouriti nan mitan repa fasil.
- **Toujou siveye pou ke fanmi ou manje maten.** Sa ap fè yon gran diferans nan abilite pou pitit ou konsantre e aprann pandan li sou ban lekòl. (Sa ap fè yon diferans pou granmoun yo tou!) Lekòl nou yo ofri tou yon Pwogram Manje Maten gratis pou elèv yo nan Lekòl yo.
- **Enplike timoun yo nan aktivite lè ou ap achte, prepare manje ak lè ou ap manje.** Si timoun yo chwazi sa yo vle, yo ap pi kontan pou yo manje li. Fè yo ale achte avèk ou nan boutik la pou yo kapab wè kijan ou ap chwazi manje ki bon pou sante. Pèmèt yo chwazi yon fwi oubyen legim. Fè pitit ou ede ou nan kwizin nan. Lè timoun yo ede prepare repa ki bon pou yo, li ap pi fasil pou yo manje li.
- **Konsèy rapid: Eseye règleman 5, 4, 3, 2, 1.** Ki vle di, chak jou fanmi ou bezwen manje 5 fwi ak legim, 4 vè dlo, 3 pòsyon pwodwi ki fèt ak lèt ki pa gen anpil grès, mwens pase 2 zè'd tan devan televizyon oubyen òdinatè, ak 1 nè'd tan aktivite fizik.

Kondisyon Fizik...

- **Timoun bezwen pou pi piti 60 minit pou fè aktivite fizik chak jou.** Ankouraje timoun yo soti deyò al jwe, fè yo mennen aktivite nan kay la, fè yo fè espò epi/oubyen enskri yo nan yon klas Edikasyon Fizik de kalite nan lekòl la, ke yon pwofesè Edikasyon Fizik sètifye ap ansenye! Edikasyon Fizik ran timoun yo pi an alèt/pi vivan, ede yo konsantre pi byen, ogmante enèji yo, aprann yo kijan pou yo travay avèk lòt moun, redwi tansyon yo “stress” epi ede timoun yo viv pi an sante. Timoun ki an santé aprann pi byen e yo gen plis chans pou yo viv an santé lè yo vin granmoun.
- **Limite tan yo ap gade televizyon a 2 zè'd tan pa jou.** Plis yon timoun ekspoze a televizyon, jwèt nan òdinatè ak jwèt nan videyo, li ap vin pi parese pou mennen aktivite fizik e li ap kouri plis risk pou vin gwo depase.
- **Se pou-w rete sansib a bezwen pitit ou yo si yo twò gwo oubyen twò piti.** Gen kèk timoun ki ka santi yo pa konfòtab pou patisipe nan sètèn aktivite. Li enpòtan pou ede pitit ou jwenn aktivite fizik li ka renmen fè e ki pa anbarasan oubyen twò difisil. Eseye amelyore aktivite fizik tout fanmi-an.

- **Eksplike timoun ou yo kijan sa kapab amelyore vi yo lè yo manje byen ak lè yo fè ekzèsis.** Ede fè timoun yo santi yo byen nan ankouraje yo antreprann aktivite yo renmen fè e yo renmen fè byen. Raple yo ke yo ap gen plis enèji, yo ap santi yo pi byen, e souvan yo ap santi yo gen plis konfyans nan tèt yo, lè yo an sante.
- **Sèvi kòm yon bon modèl.** Timoun yo pral mime abitud paran yo souvan. Mete tèt ou avèk pitit ou yo pou kreye yon kalite vi ki an sante. Adopte yon apwòch pou travay an ekip. Amelyore kalite fizik pitit ou-a pandan ou amelyore tèt pa ou. Patisipe nan aktivite an fanmi tankou mache, mache ale lwen, kouri bisiklèt, jwe tenis, sote kòd, naje, danse, jwe baskèt bòl, choute yon balon foutbòl, netwaye kay la, oubyen fè ekzèsis nan gade yon videyo ekzèsis. Aktivite yo pral amelyore kondisyon fizik ou ak kondisyon fizik pitit ou, epi nou pral divèti nou ansanm.
- **Kreye tan pou patisipe nan aktivite ki bon pou sante ansanm.** Timoun ta dwe pase pou pi piti inèd tan chak jou ap fè aktivite fizik. Kòmanse yon tradisyon nan aprè midi oubyen aswè pou mache avèk yo oubyen pou patisipe nan kèk lòt aktivite ki pral mete tout fanmi-a an mouvman. Patisipe nan pwogram kominotè pou aprann manje nouriti ak fè aktivite ki bon pou sante.
- **Sitou, sonje ke manje ki nourisan ak aktivite fizik bon anpil pou sante ou.** Lè ou pratike bon abitud sante, fanmi ou kapab prevni anpil pwoblèm medikal, ki enkli moun ki twò gwo, devlope zo ki fèb oubyen fè maladi dyabèt.

25 Fason pou Fè Timoun yo Vin pi Sen e Sof

Lakay

1. Aprann pitit ou konnen non yo o konplè, adrès ak nimewo telefòn kay yo. Verifye ke yo konnen non pa ou.
2. Verifye pou timoun ou yo konnen kijan pou yo kontakte ou nan travay ou ak sou telefòn pòtab ou.
3. Aprann timoun ou yo kijan ak kilè pou yo konpoze 911.
4. Verifye ke timoun ou yo gen yon granmoun de konfyans pou yo rele si yo pè oubyen si yo gen yon ka ijan.
5. Pase timoun yo enstriksyon pou yo kite pòt kay la klete e pou yo pa ouvè pòt la pou pale ak pèsòn lè yo lakay la pou kont yo. Mete yon seri règleman avèk timoun ou yo sou kijan pou yo resevwa vizitè lè ou pa lakay la ak kijan pou yo reponn telefòn.
6. Chwazi moun ki pou gade timoun yo pou ou avèk swen. Eseye jwenn referans manb fanmi, zanmi avèk vwazen li. Yon fwa ke ou chwazi moun sa a, eseye debake lakay la san atann pou wè kijan timoun yo ye. Mande timoun yo kijan yo wè moun ki ap gade yo a epi pran san ou pou w tande repons yo ap ba ou.

Sou sit Entènèt

7. Aprann kijan entènèt fonksyone. Lè ou konnen kijan sit Web travay, ou ap pi byen prepare pou aprann pitit ou yo kalite risk ki ekziste.
8. Mete òdinatè fanmi an nan yon andwa komen, pa mete li nan chanm yon timoun. Epi, pote siveyans sou kantite tan yo ap pase sou entènèt la ak sou sit web yo vizite yo.
9. Itilize yon sistèm yo rele “privacy settings” oubyen “social networkings” pou limite kontak yo avèk moun yo pa konnen.
10. Veye pou non timoun yo itilize pou antre nan òdinatè a “screen name” pa revele twòp bagay sou yo.

Nan Lekòl la

11. Pa afiche non pitit ou sou rad yo, sou valiz liv yo, bwat-a-lunch yo oubyen sou plak bisiklèt yo. Lè non timoun yo parèt vizib, moun ki bezwen fè yo mal ap gen aksè avèk yo san pwoblèm.
12. Raple timoun yo pou yo mache avèk yon zanmi chak lè yo ap ale lekòl a pye oubyen sou bisiklèt.
13. Mache nan wout la avèk timoun ou yo, montre yo andwa avèk kote ki an sekirite yo ka ale si gen etranje ki ap swiv yo oswa si yo bezwen èd. Si timoun yo pran bis, vizite estasyon bis la avèk yo pou asire ou ke yo konnen ki bis pou yo pran.

Lè yo ap Fè Antre Soti

14. Ale mache avèk pitit ou nan katye a epi di yo nan ki kay yo ka ale vizite menm lè ou pa la.
15. Di timoun yo pou kontakte ou si yo ap fè fas ak yon bagay oubyen yon sitiyasyon ki danje.
16. Aprann pitit ou pou mande pèmisyon avan ke yo kite kay la pou ale yon lòt kote.
17. Raple pitit ou pou yo pa ale mache oubyen jwe nan lari pou kont yo.

18. Aprann pitit ou pou yo pa apwoche nenpòt machin, keseswa gen moun ladan ou pa, amwens ke yo rekonèt moun ki nan machin nan e ke yo akonpanye avèk yon granmoun de konfyans.
19. Raple pitit ou yo ke li OKE pou yo di NON pou nenpòt bagay ki fè yo pè, ki pa konfòtab oubyen ki twoublan.
20. Eksplike pitit ou pou yo pa pwoche pre pisin oubyen bò kote mas dlo san sipèvizyon granmoun. Tout pisin timoun ou ale ta dwe genyen yon moun la ki pou siveye yo. Si ou genyen yon pisin lakay ou, mete lè pou timoun yo vin naje avèk sipèvizyon.
21. Prepare sityasyon pou “si yon bagay pase” epi mande pitit ou kijan yo kapab reponn. “Sa’k pase si ou ta tonbe sou bisiklèt epi ke ou ta bezwen èd? Ki moun ou t e ka mande?”
22. Pandan fanmi an soti, eseye tabli yon andwa santral, ki fasil pou nou rankontre an ka ke nou ta separe.
23. Aprann pitit ou pou chèche wè ou si ta gen yon chanjman nan plan yo.
24. Aprann pitit ou kijan pou yo chèche èd nan yon plas piblik, nan yon estad, nan mall ak nan lòt plas piblik. Epi tou, idantifye moun ki an sekirite pou mande èd, tankou polis, gad sekirite ak anplwaye boutik ki gen badj sou yo.
25. Fè antrenman sou sekirite yon fason pou timoun yo ka pratike yo. Menm lè ou pa vle efreye timoun yo, li enpòtan pou ou asire ou ke yo konnen ki danje ki gen deyò a, yon fason pou yo ka prepare pou evite jan de danje sa yo, oubyen pou yo ka fè fas kare ak danje yo jan yo kapab.

(USA Today, 21 me 2008)



Rekòmandasyon Sante pou Antre Lekòl la 2011-2012

SI OU PA PRAN VAKSEN OU PAP KA VINI LEKÒL

REKÒMANDASYON POU EKZAMEN FIZIK

Nan moman anwolman oubyen enskripsyon yo, elèv ki ap antre nan yon lekòl nan eta Florid la pou premye fwa dwe prezante avèk dokiman sa yo:

1. Yon ekzamen fizik ki konplete nan espas **douz mwa avan enskripsyon yo**.
 - a. Elèv ki pa ka bay prèv ke yo te fè yon ekzamen fizik valab dwe rete tann jiskaske yo gen enfòmasyon yo ekzije yo.
 - b. **Nou pap aksepte** yon kat ki montre ke timoun nan gen randevou pou ale fè ekzamen fizik la nan yon dat ki pi lwen.
2. Ou kapab resevwa yon fòm ekzamen fizik nan men doktè lokal ou, pwofesyonèl swen sante, oubyen nan yon klinik avan ou vini enskri pitit ou.

Depatman Sante Collier County ap bay timoun ki nan laj pou ale lekòl vaksen gratis, si yo prezante nan lokal ki nan Naples, (239) 252-8595 ak nan Immokalee, (239) 252-7300

REKÒMANDASYON POU VAKSEN 2011-2012

Avan yo antre, patisipe, oubyen transfere nan lekòl ki nan eta Florid la (kindergarten pou rive 12^{èm} ane), chak timoun pral genyen nan dosye yo yon Sètifika Vaksen Florida, DH 680, ki ap dokimante vaksen ki pi ba yo:

Kindergarten pou rive klas 12^{èm} ane:

- Kat oubyen senk dòz vaksen diphtheria-tetanus-pertussis (DTaP)
- De oubyen twa dòz vaksen hepatitis B (hep B)
- Kat oubyen senk dòz vaksen polio
- De dòz vaksen measles-mumps-rubella (MMR)
- De dòz vaksen varicella* pou kindergarten ak klas premye ane
- Yon dòz vaksen varicella* pou klas 2 pou rive 8^{èm} ane



*Kantite dòz vaksen yo ekzije yo ap depann de istwa vaksinasyon timoun nan

***Vaksen varicella pa ekzijib si genyen yon istwa maladi varicella (saranpyon) ke yon pwofesyonèl swen sante dokimante*

Rekòmandasyon Anplis pou Klas Setyèm, Yuityèm, ak Nevyèm Ane:

Apa ke pou yo mete yo an règ avèk tout lòt vaksen yo rekòmande yo, timoun ki ap antre, ki ap patisipe, oubyen ki ap transfere nan klas setyèm, yuityèm, ak nevyèm ane nan lekòl Florida yo dwe konplete vaksen sa a:

- Yon vaksen tetanus-diphtheria-pertussis (Tdap) booster

“Elèv ki Viv An Sante ap Aprann pi Byen”

Pou plis enfòmasyon konsènan rekòmandasyon pou antre lekòl la ki enkli rekòmandasyon ekzamen fizik pou lekòl la oubyen rekòmandasyon pou vaksen ou dwe kontakte lekòl pitit ou a oubyen Lekòl Piblik Collier County, Depatman Benefis ak Byenèt,

Eileen Vargo, Kowòdinatris Sèvis Sante yo
5775 Osceola Trail Naples, FL 34109

Telefòn (239) 377-0396 oubyen 377-0514 oubyen fax 377-0384



Lis Ewalasyon Pèsonèl pou Paran yo

Paran, elèv, ansanm ak pwofesè yo mete tèt yo ansanm pou ogmante jefò elèv yo ap fè pou yo aprann byen. Gen plizyè fason paran yo kapab patisipe ak sipòte edikasyon pitit yo. Lis ewalasyon pèsonèl ap ba yo enfòmasyon sou aktivite ki kapab fè elèv yo bay bon randman.

Antan ke yon paran/responsab, mwen . . .

EDIKASYON PARAN

- Fikse objektif akademik ki wo e mwen kwè ke pitit mwen an gen abilite pou li atenn yo.
- Asire mwen ke pitit mwen an ale lekòl a lè epi regilyèman.
- Li epi konprann livrè lekòl la pibliye pou paran ak elèv yo.
- Patrisipe nan seminè pou paran yo sou devwa, disiplin ak konpetans akademik pou bati nan lekti, matematik ak ekriti.
- Selebri akonplisman pitit mwen yo.
- Mande li pou ede li lè li bezwen.

KOMINIKASYON

- Kominike regilyèman avèk pwofesè yo an pèsòn, pa telefòn, pa kourye elektwonik, oubyen pa ekri. Rete pozitif epi rete ak yon lespri ouvè.
- Li lèt enfòmasyon ki soti nan klas la oubyen nan lekòl la.
- Patrisipe nan evenman ki òganize nan lekòl pitit mwen an san retire evenman pou reouvèti lekòl yo, reyinyon paran sou pwogram akademik yo, fwa syantifik, teyat, aktivite mizikal, joune klas la òganize, evenman spòtif, ak lòt aktivite ankò.
- Bay pwofesè yo enfòmasyon sou fanmi an, sou pratik paran yo, ak sou kilti yo.

VOLONTÈ

- Mete pèsonèl lekòl la o kouran sou sa mwen kapab fè ak kilè mwen kapab vin travay kòm volontè.
- Ede pwofesè pitit mwen an nan sal klas la oubyen nan joune yo òganize yo.
- Ede nan evenman lekòl yo lè sa posib pou mwen.
- Travay ansanm ak pèsonèl ak pwofesè lekòl yo pou devlope aktivite volontè mwen kapab fè lakay mwen.
- Ede pèsonèl lekòl la yon fason aktif nan rekritman paran ak manb kominote yo kòm volontè, gid, ak asosye nan komès.

APRANN LAKAY

- Pale avèk pitit mwen an sou sa ki pase nan lekòl la chak jou ak sou devwa yo ba li. Chita tande pitit mwen an.
- Prepare yon plas kote ki pa gen bwè, ki byen eklere pou li fè devwa li/pou li etidye.
- Kenbe menm woutin nan yon fason regilye pou li fè devwa li ak pou li ale kouche.
- Li avèk pitit mwen an. Fè pitit mwen an li pou mwen. Kite pitit mwen an wè kote mwen ap li.
- Ede pitit mwen an aprann jistis, onète, jantiyès, respè, responsabilite, & disiplin.
- Pati an fanmi pou al vizite bibliyotèk, zoo, mize, oubyen plas piblik pou yon eksperyans edikasyon ki gen plezi.
- Siveye kisa pitit mwen an ap gade nan televizyon ak ki sit web li ap konsilte nan òdinatè a.
- Ankouraje timoun mwen yo fè ekzèsis epi manje nouriti ak snack ki pou kenbe yo an sante chak jou.

PRAN DESIZYON

- Sèvi kòm manb aktif nan PTA/PTO ak manb Komite Konsèy Konsiltatif Lekòl la.
- Patrisipe nan desizyon ki ap afekte pitit mwen an, tankou plasman elèv yo, seleksyon kou yo, ak plan edikasyon Endividyèl yo.
- Fè pèsonèl lekòl yo konnen ki enkyetid mwen genyen.
- Vote nan eleksyon lokal, eta, ak federal pou eli ofisyèl piblik yo ki sipòte edikasyon.

KOLABORASYON KOMINOTE A

- Fè konesans ak zanmi pitit mwen yo epi chèche konnen paran yo.
- Ede nan kreye ak/oubyen ofri sèvis mwen yo pou pwogram avan ak aprè lekòl yo.
- Rekòmande orè travay fleksib ak lè pou soti pou kapab patrisipe nan aktivite lekòl yo.
- Ede pitit mwen an patrisipe nan gwoup kominotè yo, nan aktivite paralèl a pwogram akademik yo, ak aktivite aprè lekòl yo.